Лъэпкъыбзэр - лъэщагъыщ

2-нэ нап.

«Уузынщэм, школ...»

3-нэ нап.

Жыг хадэм щIыкIухэм зыщаплъыхь

4-нэ нап.



Басир Европисэм щытокIуэ, Эстеллэ ещанэщ

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№136 (24.730) ● 2024 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 12, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущlапlэм къызэритамкlэ

Я Iэзагъэм хагъахъуэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек яхуэзащ Налшык щрагъэжьа «Команда управления КБР. Проводники изменений» япэ модуль практикэ программэм хэтхэм.

ПРОГРАММЭР илъэс етIуанэ хъуауэ «Эльбрус» университетым егъэзащIэ, хэгъэгу, щIыналъэ кулыкъущIапIэхэм я лIыкIуэхэу кадр къэпщытэныгъэхэмрэ зэпеуэхэмрэ хэтахэм папщIэ.

Республикэм и УнафэщIым зэхыхьэм хэтхэм защыхуигъазэм къыхигъэщащ IэщIагъэлIхэр нэхъ щхьэпэ щыхъуну IэнатIэхэр убзыхунымкIэ апхуэдэ семинархэр сэбэп зэрыхъур. «А Iуэхум адэкIи зэрызедгъэужьыным, нэхъыбэ къызэрызэщIедгъэубыдэным жыджэру иужь дитынущ. ЦIыхубэм я Iуэху дэгъэкIыныр къалэн щызыхуэтщIыжкIэ, абы къытхуигъэув лэжьыгъэр нэсу гъэзэщIэнымкIэ къэралым, дуней псом къыдит Iэмал псори къэгъэсэбэпыпхъэщ. Шэч къытесхьэркъым нобэрей зэхыхьэр, фи зэпыщIэныгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и зэIузэпэщыгъэм папщIэ евгъэкIуэкI лэжьыгъэмкIэ щхьэпэ зэрыхъунум», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек.

«Команда КБР» программэм и къалэныр къэрал, муниципальнэ кулыкъущIэхэм социально-экономикэ унэтIыныгъэ псомкIи я Iэзагъым, зэфIэкIым хэгъэхъуэнырщ, IэщIагъэлI нэсхэр гъэхьэзырынырщ.

Мы гъэм программэм хэтщ цIыху 60. Ахэр я лIыкIуэщ министерствэ 14-м, ведомстви 3-м, муниципалитети 8-м. Гупым ядолажьэ къэралым и IэщIагъэлI пажэхэр, методолог цIэрыIуэхэр, инновацэ проектхэм я унафэщIхэр. Абыхэм яхэтщ урысей инвестор, хьэрычэтыщIэ Орловский Виктор, апхуэдэу Урысей экспорт центрым и хэщIапIэу Санкт-Петербург щыIэм и унафэщI Миронов Андрей, нэгъуэщIхэри.

КъБР-м и Iэтащхьэр программэм хэтхэм ехъуэхъуащ ехъулIэныгъэ яIэну, апхуэдэуи еджэныгъэр езыгъэкIуэкI хьэщIэхэм фIыщIэ яхуищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым къазэрыхуеблэгъам папщIэ.

Лъэмыжхэмрэ гъуэгухэмрэ зэрагъэпэщыж

Шэджэм районыр лэжьыгъэ Iуэхукlэ къызэхикlухькlэрэ, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек еплъащ лIэжьыгъэ нэхъ гугъуехэр щекIуэкI Шэджэм ЕтIуанэ - Булунгу автомобиль зекIуапIэм. Ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр абы 2022 гъэм щегъэжьауэ щокIуэкI, щаухынур 2026 гъэрщ. Псори зэхэту километр 27-м нэс яутIыпщынущ, лъэмыжи 9-рэ абыхэм екIуэкI уэздыгъэхэмрэ яхэту.

УФ-м и Президент Путин Владимир и жэрдэмкIэ лажьэ «ГъуэгуфI шынагъуэншэхэр» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэщ мыбдеж лэжьыгъэхэр зэрыщекIуэкIыр.

Шэджэм псыкъелъэхэм хуэкIуэ гъуэгум къыщаIэта Iуэхухэр и чэзур къэмысу зэфIагъэкIащ. Иджыпсту йолэжь зи кIыхьагъыр километри 112-м нэс лъэмыжитхум. Иджыри лъэмыжиплI илъэсым и кIэм нащIысынущ.

УхуакIуэхэм къапэщылъщ лъэмыжхэр зыIыгъ пкъохэр зэрахъуэкIыну, щIымахуэм псыр зэрынэхъ чэнжым къыхэкIыу. ЛъэмыжыщIэхэр къыкIэлъыкIуэ илъэсым и бжьыхьэр къэмысу яухуэнущ.

Нобэрей Iуэхукlэ лэжьыгъэр нэхъ гуащIэу щокIуэкI лъэмыжитIым: Эльтюбю ущыдэлъадэкIэ Шэджэм псыежэхым телъымрэ Джылгусу псыежэхым телъу къуажэ и кIуэцIым дэтымрэ. Пкъохэр бетоным хагъэзагъэ, псыбэкъур уэсукхъуэ къехынкIи зэрыхъунум хуагъэхьэзыр. Зи кIыхьагъыр метр 214-м щIигъу лъэмыжибгъур 2025 гъэм и кIэр къэмысу зэрагъэпэщыжын яухынущ.

А лэжьыгъэхэм я фIыгъэкIэ туристхэмрэ цIыхубэмрэ нэхъ шынагъуэншэу зекIуэфынущ, Шэджэм районым и инфраструктурэми зиужьынущ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкIэ и министрым и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «г» пунктым ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкIэ и министру гъэувын **Хьэсанэ Ислъам Марат и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт абы Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ **КIУЭКIУЭ Казбек**

Налшык къалэ
2024 гъэм щэкIуэгъуэм и 8-м
№131-УГ

Щыуэпсыр хъума хъун папщIэ

Урысейм щIыуэпсыр къызэрыщагъэсэбэпым кIэлъыплъынымкIэ къулыкъущIапIэм и управленэу Кавказ Ищхъэрэм щыIэм и унафэщI Алдатов Эрик КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ.

ЗИ гугъу тщIы IэнатIэм и унафэщIу Алдатовыр жэпуэгъуэм ягъэуващ. Республикэм и Iэтащхьэр абы ехъуэхъуащ ехъулIэныгъэ иIэу лэжьэну.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэзэщIакIуэ органхэмрэ къэралым щIыуэпсыр къызэрыщагъэсэбэпым кIэлъыплъ IуэхущIапIэхэмрэ зэрызэдэлэжьапхъэм. Нэхъыбэу и гугъу ящIащ экологиемрэ пхъэнкIийр зэрагъэкъабзэ Iэмалхэмрэ. Росприроднадзорым дэлэжьэн мурадкIэ КъБР-м и ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ министерствэм къалэн зыбжанэ хуагъэуващ.

Дэтхэнэми и лъэIур ягъэзэщIэнущ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек я щхьэ IуэхукIэ зыкъыхуэзыгъэзахэм яIущIащ. ЩIэгъэкъуэн, гулъытэ хуэныкъуэхэт дзэ Iуэху хэхам хэту къулыкъур езыхьэкIхэм я унагъуэхэр, ахэр щIэлъэIурт Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ дэIэпыкъуэгъу къахуэхъуну.

АПХУЭДЭУ дэIэпыкъуныгъэ хуейт щхьэусыгъуэ зэхуэмыдэхэм къыхэкIыу гъащIэм щытыкIэ гугъу иригъэува, фIагъ лъагэ зиIэ медицинэ Iуэхутхьэбзэ, иужькIэ реабилитацэ хуэныкъуэ сабийр щапI унагъуэр.

Дэтхэнэми и Iуэхур зэман кIэщIым къриубыдэу тэмэму зэрызэфIагъэкIынум теухуауэ абыхэмкIэ жэуап зыхь къулыкъущIапIэхэм пщэрылъхэр ящищIащ.

Машинэ гъэувыпIэхэм йолэжь

Творческэ щIалэгъуалэм я уардэунэмрэ Япэ поликлиникэмрэ я хъуреягъкIэ машинэ 400 зыIухуэну гъэувыпIэхэр зэрагъэпэщ.

НАЛШЫК Iуэхушхуэ щокIуэкI япэ къалэ поликлиникэмрэ Творческэ щIалэгъуалэм я уардэунэмрэ ирахьэлIэ лэжьыгъэхэр и кIэм нагъэсын папщIэ.

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек жиIащ: «Мы ухуэныгъэхэр ди республикэм и къалащхьэм и курыкупсэм итщ. Абы къыхэкIыу, мыхьэнэшхуэ иIэщ къабгъэдэлъ щIыпIэр зэIузэпэщ щIыным, Налшык и адрей Iыхьэхэм хэзэгъэн хуэдэу».

Иджыпсту зи гугъу тщIы щIыпIэм бгъэдыхьэ лъэс лъагъуэхэмрэ гъуэгухэмрэ асфальт тралъхьэ. Псори зэхэту метр зэбгъузэнатIэу мин 17 мэхъу а щIыпIэр. Абы хеубыдэ къэкIыгъэхэм, сабий джэгупIэхэм, иджырей уэздыгъэхэм яубыдыну Iыхьэхэр. Архитекторхэр фIыуэ егупсысащ машинэ гъэувыпIэхэми, абыхэм я бжыгъэр 400-м щIегъу.

Школхэр яухуэ

«Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щаухуэ тIысыпIэ 5980-рэ зиIэну курыт школу 10.

«ШКОЛХЭМ лэжьэн щIадзэмэ, егъэджэныгъэр зы сменэм тету къызэгъэпэща хъунущ. ЕджапIэхэр къызэрагъэпэщынущ иджырей егъэджэныгъэ жыпхъэхэм хуэфэщэн унэлъащIэхэмкIэ, хьэпшыпхэмрэ IэмэпсымэхэмкIэ. Дэтхэнэ зы школри иджырей инженер-техникэ мардэхэм тету яухуэнущ, абыхэм екIуалIэ гъуэгухэри зэпэщу щытынущ. ЖыпIэнурамэ, сабийхэм лъэныкъуэ куэдкIэ зегъэужьыным хуэунэтIауэ егъэджэныгъэр зэтеублэнымкIэ щытыкIэ псори яIэнущ», - щыжеIэ КIуэкIуэ Казбек и телеграм напэкIуэцIым ит тхыгъэм.

Апхуэдэу Налшык и Вольнэ Аул хьэблэм дэт курыт школ №12-м еджакIуэ 800 щIэхуэнущ, стадионышхуэ, баскетбол, волейбол щыджэгуну утхэр, жыг хадэ цIыкIуэхэр иIэщ.

Лицей №14-м тIысыпIэ 800, курыт школ №23-м тIысыпIэ 700 иIэу корпус щхьэхуэхэр къыпащIыхьынущ.

Къатищу зэтет егъэджэныгъэ IуэхущIапIэщIэ щаухуэнущ Нарткъалэ и ипщэ-къухьэпIэ лъэныкъуэмкIэ, ныбжьыщIэ 400-м щIэныгъэ щызрагъэгъуэтыфыну. Абы иубыдынущ гектари 4-м щIигъу щIыналъэ, хэтынущ футбол щыджэгуну губгъуэ IэрыщI, джэгукIэ зэхуэмыдэхэм папщIэ ут щхьэхуэхэр.

Апхуэдэу Шэджэм и «Ипщэ» хьэблэм щаухуэнущ тIысыпIэ 820-рэ зиIэ еджапIэщIэ.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

2025 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым щIидзащ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - ар къевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.

Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:

унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 1081-рэ кIэпIейкIэ 56-рэ;

фэ езым поштым къыщыфщтэжынумэ - сом 987-рэ кIэпIейкIэ 54-рэ.

Ди индексыр П5894



Танзиля и пшыхь

Музыкэ къэрал театрым щэкIуэгъуэм и 6-м щагъэлъэпIащ КъБР-м и цIыхубэ усакIуэ, Горький Максим и цIэр зезыхьэ РСФСР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, япэ балъкъэр цIыхубз усакIуэ, жылагъуэ лэжьакIуэ Зумакуловэ Танзиля къызэралъхурэ илъэс 90 зэрырикъур. Пшыхьыр къызэрагъэпэщащ КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэмрэ КъБР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэмрэ.

МУЗЫКЭ театрым и пэIущIэ пэшым щагъэуват Зумакуловэ Танзиля и гъащIэмрэ гуащIэмрэ теухуа сурэт гъэлъэгъуэныгъэ щIэщыгъуэ. Пшыхьым къекIуэлIахэр артистхэм ирагъэблэгъащ макъамэ, къафэ дахэхэмкIэ.

КъБР-м и Iэтащхьэм Зумакуловэ Танзиля зэрызыхуигъазэ хъуэхъум и гуапэу къеджащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий. Абы итт Зумакуловэ Танзиля хуэгъэза псалъэ гуапэхэр: «Тхьэр зэфIэкI къызэрымыкIуэкIэ зыхуэупса, щалъхуа щIыналъэм щыпсэухэм зи къалэмыр яхуэгъэбзэным зи гъащIэр тезыухуа цIыхухэм, лъэпкъыр зэрыгушхуэ усакIуэхэм уащыщщ. Уи усэхэм гуапагъэм, фIым, гуфIэгъуэм, дахагъэм укъыхураджэ, лъэпкъхэм яку дэлъ зэныбжьэгъугъэр зэрылъапIэр къыхощ. Уи лирикэр республикэм и щэнхабзэ хъугъуэфIыгъуэхэм ящыщ хъуащ, уи лIыхъужьыр ди щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм я хабзэхэм тетщ, щIэблэр гъэсэныгъэ дахэм, Хэку лъагъуныгъэм щIэпIыкIынымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ. Жылагъуэ, политикэ Iуэхухэм хэзыщIыкI бзылъхугъэ Iущым уи тхыгъэхэм щыболъагъу зэманым къигъэув упщIэхэми я жэуапхэр. Жылагъуэм, литературэм хуэпщIа хэлъхьэныгъэхэм республикэми къэралми дамыгъэ лъапIэхэр къыщыхуагъэфэщащ.

КъБР-м и Правительствэми езыми къыбгъэдэкIыу Мусуков Алий Зумакуловэ Танзиля ехъуэхъуащ узыншагъэ быдэрэ ехъулIэныгъэрэ иIэну. Абы и псалъэм щIигъужащ и зэфIэкIхэмрэ и усэхэмрэ зэрыригушхуэр.

- ПщIэ зыхуэтщI ныбжьэгъухэ, хьэщIэ лъапIэхэ! Пшыхь гуапэм зыкърезыгъэхьэлIахэм фIыщIэ фхузощI! Москва къалэм, Тэтэрстаным, Башкотостаным, Чувашием, Адыгэ, Къэрэшей-Шэрджэс, Дагъыстэн, Шэшэн, Ингуш, Осетие Ищхъэрэ - Алание, Алтай республикэхэм, Ростов областым, Ставрополь крайм, нэгъуэщI щIыпIэхэм къикIахэр къызэрытхуеблэгъар гуапэщ! Социальнэ сайтхэм щызэбграгъэкIащ Зумакуловэ Танзиля и усэхэр фIыуэ зылъагъухэр къеджэу траха видео нэтынхэр, сабийхэм яхуэгъэза «Радуга над домами» махуэшхуэр зэхэтащ, усэ къеджэнымкIэ зэпеуэм щытекIуахэри къыхашэри. КъинэмыщIауэ, ХьэтIохъущокъуэм и жыг хадэми Танзиля и усэхэм къыщеджащ, ныбжьыщIэхэм я сурэтхэм я гъэлъэгъуэныгъэ къызэрагъэпэщащ. Абы къыдэкIуэу, ар щагъэлъэпIащ къыщалъхуа IуащхьэмахуэщIыналъэми. КъБР-м ЩэнхабзэмкIэ и министерствэм хъуэхъу тхыгъэ куэд къыIэрыхьащ, УФ-м щэнхабзэмкIэ и министр Любимовэ Ольгэ, Къэрал Думэм КПРФ-м и фракцэу хэтым и унафэщI Зюганов Геннадий, хамэ къэралхэм къикIыу, нэгъуэщIхэми къагъэхьауэ, - жиIащ КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Къумахуэ Мухьэдин. - 1934 гъэм бадзэуэгъуэм и 18-м Тырныауз къалэм къыщалъхуа Зумакуловэ Танзиля и Iэдакъэ къыщIэкIащ и Хэкумрэ и лъэпкъэгъухэмрэ ятеухуа усэ, поэмэ щэ бжыгъэхэр. Республикэм и жылагъуэ, щэнхабзэ гъащIэм жыджэру хэт, лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэным хэлъхьэныгъэфIхэр хуэзыщI усакIуэм и зэфIэкIым пщIэ игъуэтащ: 1989 гъэм щыщIэдзауэ СССР-мрэ Налшык къалэм и щIыпIэ самоуправленэмрэ я депутату хахащ. Зумакуловэм «КъБР-м пщIэ зиIэ и цIыху» щыхьыцIэр къыфIащащ, «Зэныбжьэгъугъэ» орденымрэ медаль зыбжанэрэ къыхуагъэфэщащ.

Кулиев Къайсын и къуэ Азэмэт ягъэлъапIэ усакIуэм и сурэт ищIар абдеж щритыжащ пшыхьым кърихьэлIахэм я Iэгуауэ макъым щIэту.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ Парламентым и депутатхэми езыми къабгъэдэкIыу Зумакуловэ Танзиля узыншагъэ быдэ, ехъулIэныгъэ, дэрэжэгъуэ, гуфIэгъуэ иIэну ехъуэхъуащ икIи къыхигъэщащ 1959 гъэм япэу къыдэкIа «Цветы на скале» и усэ тхылъыр дунейм къызэрытехьэрэ мы гъэм илъэс 65-рэ зэрырикъур, и усэхэр щэнхабзэ, лъэпкъ хъугъуэфIыгъуэ зэрыхъуар, ахэр цIыхухэм я гумрэ я псэмрэ зэрыдыхьар.

Танзиля хъуэхъу гуапэкIэ зыхуагъэза нэужь, саугъэтхэр, дамыгъэ лъапIэхэр, щIыхь тхылъхэмрэ удз гъэгъахэмрэ тыгъэ хуащIащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм и депутат Геккиев Заур, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий, УФ-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и секретарь, «Москва» журналым и редактор нэхъыщхьэ Артёмов Владислав, нэгъуэщIхэми.

Зэхыхьэ гуапэм хэтащ КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэхэр, республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ я Iэтащхьэхэр, усакIуэм и тхыгъэхэр фIыуэ зылъагъухэр, и благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ.

Зумакуловэ Танзиля фIыщIэ яхуищIащ пшыхьыр къызэзыгъэпэщахэм, абы зыкърезыгъэхьэлIахэм, псалъэ гуапэ къыхужызыIахэм. ЗэIущIэр ягъэдэхащ республикэм и къэфакIуэ, уэрэджыIакIуэ нэхъыфIхэм.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтхэм Iыхьэ щанэр яхэгъэхьэным и IуэхукIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №26-РЗ-уэ 2009 гъэм мэкъуауэгъуэм и 8-м къыдэкIам и 6-нэ, 9-нэ статьяхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтхэм я Iыхьэ щанэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым зэриубзыхуну Хабзэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым 2018 гъэм накъыгъэм и 24-м къищта унафэ №871-П-П-мкIэ щIагъэбыдам и 9-нэ пунктым япкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хагъэхьэн мы къэкIуэнухэр:

Галушко Михаил Анатолий и къуэр - Зауэхэм ныкъуэдыкъуэ хэхъухьахэм я «ВоИн» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ

Джэш ФатIимэ Iэюб и пхъур - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубзхэм я союз» щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ

Зумакулов Асхьэт Мустэфай и къуэр - «Патриот» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ

Къагъырмэс Юрий Сослъэнбэч и къуэр - «Къэбэрдей-Балъкъэр диабет ассоциацэ Диа-Лайф» щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ

Къаздэхъу Олег Гъумарбий и къуэр – «ЩIалэгъуалэ жэрдэмхэм я институт» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэ

КIэрэф Мурадин Ахъмэтхъан и къуэр – Унагъуэр хъумэным, цIыхубзхэмрэ сабийхэмрэ щIэгъэкъуэн яхуэхъунымкIэ «Жан» Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ

Колесников Юрий Александр и къуэр – «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Сату-промышленнэ палатэ» зэгухьэныгъэ

Коротченкэ Виктор Валентин и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Прохладнэ къалэ округым и ЦIыхубзхэм я совет

Маслов Николай Александр и къуэр – «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я совет» ассоциацэ

Нэгъуей Валерий Хьэчим и къуэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и фермерхэм я ассоциацэ

Нало Юрий Залым и къуэр - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Комсомолым и ветеранхэм я совет» жылагъуэ зэгухьэныгъэ

Селай Хьэзрэталий Хьэсэн и къуэр - «Граждан жэрдэмхэм я институт» Къэбэрдей- Балъкъэр щIыналъэ зэгухьэныгъэ

Чеченов Георгий Аллахберды и къуэр - «Ныкъуэдыкъуэхэм я урысейпсо обществэ» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ зэгухьэныгъэ

Улаков Махъты Зейтун и къуэр - Сабийхэм дэIэпыкъунымкIэ «ГугъапIэхэр къохъулIэ» псапащIэ фонд

Шаваев Артур Нажмудин и къуэр - Ныкъуэдыкъуэхэм ядэIэпыкъунымкIэ «КъэщIэрэщIэжыныгъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр жылагъуэ зэгухьэныгъэ

Шинкарёвэ Наталье Пётр и пхъур - «Къэбэрдей-Балъкъэрым тхылъхэр фIыуэ щызылъагъухэм я обществэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэ

Щоджэн Мартуз Борис и къуэр - «Творчествэм и жылагъуэ академие» Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ жылагъуэ зэгухьэныгъэ

Якушенкэ Сергей Николай и къуэр - Зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ ЗэщIэузэда Къарухэм, хабзэхъумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Дзэлыкъуэ район совет.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2024 гъэм жэпуэгъуэм и 31-м
№34-П-П

2024 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и отчетым и IуэхукIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

2024 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и отчетым хэплъауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыхегъэщхьэхукI сом мелуан 59226,1-рэ хъууэ планкIэ илъэс пщалъэхэр сом мелуан 30190,4-кIэ е илъэсым планкIэ зыхухаххэм я процент 51-кIэ гъэзэщIа зэрыхъуар. А бжыгъэхэм хохьэ федеральнэ бюджетым къикIа финанс дэIэпыкъуныгъэхэр хэмыту плану щыта сом мелуан 17982,9-р сом мелуан 9455,2-кIэ е процент 52,6-кIэ зэрагъэзэщIари. Ятыжын хуэмейуэ къаIэрыхьэ хэхъуэхэмкIэ планыр процент 50,2-кIэ ягъэзэщIащ сом мелуан 20640,6-рэ хъууэ. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр хэщIхэмкIэ ипэжыпIэкIэ ягъэзэщIащ сом мелуан 28175,3-рэ хъууэ е процент 44,2-кIэ. КъапщытэжпIалъэм къриубыдэу бюджет хэхъуэр нэсащ сом мелуан 2015,1-м.

Ищхьэ кIэ къэдгъэлъэгъуахэр я лъабжьэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым унафэ ещI:

2024 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэзэщIа зэрыхъуам теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и отчетыр къэщтэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI
ЕГОРОВЭ Татьянэ.

Налшык къалэ
2024 гъэм жэпуэгъуэм и 31-м
№44-П-П

Лъэпкъыбэр - лъэщагъщ

КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министр КIурашын Анзор иджыблагъэ хэтащ Москва щекIуэкIа «Урысейм и лъэпкъхэр» урысейпсо зэхыхьэм. Абы щытепсэлъыхьащ лъэпкъ политикэм Урысейм зыщегъэужьыным.

ЗэIущIэхэр

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ къэрал, щIыналъэ, щIыпIэ IуэхущIапIэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я лIыкIуэхэр, щIэныгъэрылажьэхэр, къэпщытакIуэхэр, хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэм пыщIахэр.

Япэ махуэм ахэр тепсэлъыхьащ экстремизмыр щымыIэн, терроризмым пэщIэтын, нобэ дызыхэпсэукI зэман хьэлъэм цIыхухэр шынагъуэншэу зауэжын папщIэ лэжьыпхъэм. Зауэ Iуэху хэхахэм хэт, «Пятнашка» лъэпкъыбэ гуп цIэрыIуэм и унафэщI Авидзбэ Ахрэ тепсэлъыхьащ лъэпкъ зэхуэмыдэхэм къыхэкIа щIалэхэм Iэщэр яIэщIэлъу, зэбгъэрыту хэкур зэрахъумэм.

- Дэ псори дыурысей сэлэтущ зыкъызэрытщыхъужыр, абы лъэпкъ зэхэгъэж щыIэкъым. Урысей къэралыгъуэм дрицIыхущ икIи дрогушхуэ абы. Шэч хэмылъуи, дэращ текIуэнур! - жиIащ Авидзбэм.

ЗэIущIэм хэта къэпщытакIуэ гупыр тепсэлъыхьащ къэралым лъэпкъхэм зыщегъэужьыным хуаубзыхуауэ щыта жыпхъэм тету Iуэхур зэрыкIуатэм.

УФ-м и Президентым и Администрацэм и УнафэщIым и къуэдзэ Магомедов Магомедсалам къеджащ УФ-м и Президентым зэIущIэм хэтахэм зэрызахуигъазэм. «...Къэралым и лъэпкъ политикэр гъэзэщIэным къулыкъущIэхэмрэ щIэныгъэлIхэмрэ щытепсэлъыхь зэIущIэм мыхьэнэшхуэ иIэщ», - къыхигъэщащ Путиным.

УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Голиковэ Татьянэ къыхигъэщащ фIэщхъуныгъэ зэхуэмыдэм тету къэралым щыпсэу лъэпкъхэр зэкъуэтыным, зэрыIыгъыным, зэныбжьэгъуным мыхьэнэуэ пылъыр.

- Абы щыхьэт тохъуэ ирагъэкIуэкIа къэпщытэныгъэхэм кърикIуар. Ди къэралым и цIыхухэм я процент 94-м урысейуэ зыкъалъытэ. Апхуэдэу япэу къэхъуу аращ. НэхъапэIуэкIэ япэ ирагъэщыр езы цIыхур къызыхэкIа лъэпкърат. Иджы ди нэгу щIэкIыр тхыдэм япэ дыдэу узыщрихьэлIэ къэхъугъэщ. Абы кIэрымыхуныр, хэдгъэхъуэнырщ дяпэкIэ ди къалэн нэхъыщхьэр, - жиIащ Голиковэм.

ФедерацэмкIэ Советым и УнафэщIым и къуэдзэ Косачев Константин гу лъитащ лъэпкъхэм я къэкIуэнур зыхуэдэнур Iэпхъуэшапхъуэхэм ятеухуауэ къэралым щызэфIах Iуэхухэм зэрелъытам. НобэкIэ Урысейр лъэпкъыбэу зэрызэхэсым ар къэрал телъыджэ зэрищIым.

Дауи, апхуэдиз лъэпкъ щызыхэпсэукI къэралым, абыхэм я зэхущытыкIэр къэзыгъэлъагъуэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэми куэд елъытащ. УФ-м Лъэпкъ IуэхухэмкIэ и къэрал IуэхущIапIэм и унафэщI Баринов Игорь зэрыжиIамкIэ, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я лэжьэкIэм гулъытэ хэха хуэщIын хуейщ, сыту жыпIэмэ, лъэпкъ зэгурыIуэныгъэр гъэбыдэнымкIэ абыхэм я псалъэрщ нэхъыбэр зэдаIуэр.

- Ди зыужьыныгъэм зэран къыхуэхъункIэ хъуну никъусаныгъэхэм и чэзум гу лъыттэу, ахэр лъэныкъуэ едгъэзыфу дыщытын хуейщ, - къыхигъэщащ Бариновым.

Зи унафэщI министерствэм иригъэкIуэкI лэжьыгъэм папщIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэ КIурашын Анзор а зэIущIэм къыщратащ Лъэпкъ IуэхухэмкIэ къэрал IуэхущIапIэм и ЩIыхь тхылъ.

«Диалог», «Диалог Регионы» щIэныгъэ онлайн-платформэхэм я унафэщI Табак Владимир жиIащ лъэпкъ зэгурымыIуэныгъэр къагъэсэбэпурэ, ди жагъуэгъухэм псалъэмакъ къызэрытхалъхьэфынур, абы къэрал Iуэхур зэрызэтрихуфынур. Гу лъытапхъэщ лъэпкъ зэгурымыIуэныгъэм теухуауэ кърахьэкI хъыбар нэпцIхэр урысейхэм я процент 55-м зэралъэIэсам, икIи абы зэщIэхъееныгъэ къызэрырикIуам. Мыбдеж нэрылъагъущ апхуэдэ Iуэхугъуэхэм я пэжыпIэр зэхэгъэкIынымкIэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм мыхьэнэуэ яIэр.

ЗэIущIэм къекIуэлIахэм ирагъэтхащ лъэпкъ Iуэрытх. Къищынэмыщ Iауэ, «Русская цивилизация» лъэпкъпсо сурэт зэпеуэм щытекIуахэр къагъэнэIуащ.

ЕкIуэкIа зэIущIэм къыщапсэлъамрэ щагъэзэщIа лэжьыгъэмрэ иджыри зэ уриплъэжмэ, къыхэзгъэщыну сыхуейт дэтхэнэми зэфIиха Iуэхушхуэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрри абы жыджэру зэрыхэтамрэ. Псоми зы жьэу къыхагъэщащ лъэпкъ цIыкIухэм я щэнхабзэр, бзэр, тхыдэр хъумэным гулъытэ хуэщIын, щIэблэр гъуэгу захуэ тегъэувэн зэрыхуейр. ЗэIущIэм хэтахэм шэч къызытрамыхьэр зыт - Урысейр лъэщ зыщIыр лъэпкъыбэу зэрыщытымрэ дызэрызэкъуэтымрэщ. Ди лъым хэтщ текIуэныгъэм хущIэкъуныр, къыддогъуэгурыкIуэ зэкъуэтыныгъэр. Ауэ щыхъукIэ, ди къэралым зегъэужьынри ди зэхуэдэ пщэрылъщ.

НЭРЫБГЕЙ Анфисэ.

Клевцов Михаил Михаил и къуэр

гъэм Клевцов М. М. и жэрдэмкIэ Котляревскэ станицэм лъахэхутэ музейм и унэ щащIащ.

2024 гъэм щэкIуэгъуэм и 8-м и ныбжьыр илъэс 88-м иту дунейм ехыжащ РСФСР-мрэ КъБР-мрэ щIыхь зиIэ я агроном, ГуащIэдэкI Бэракъ Плъыжь, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэм щиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденхэр зыхуагъэфэща, Тэрч-Балъкъ къэзакъ округым пщIэ зиIэ и атаман, «Красная нива» колхоз пэрытым илъэс куэдкIэ и унафэщIу щыта Клевцов Михаил Михаил и къуэр.

Клевцов Михаил Михаил и къуэр КъБАССР-м и Май районым хыхьэ Котляревскэ станицэм 1936 гъэм щэкIуэгъуэм и 21-м къыщалъхуащ.

Илъэсибл школыр къиуха иужькIэ Налшык дэт мэкъумэшхозяйственнэ техникумыр 1951 - 1955 гъэхэм къиухащ. 1955 - 1958 гъэхэм Совет Армэм къулыкъу щищIэри, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и мэкъумэш факультетыр 1963 гъэм ехъулIэныгъэкIэ къиухащ, щIэныгъэлI-агроном Iэщ Iагъэр иIэу.

Клевцов М. М. 1963 гъэм и гъатхэпэм лэжьыгъэ IэнатIэм щыпэрыуващ «Красная нива» колхозым и агроному, а илъэс дыдэм и дыгъэгъазэм къыщыщIэдзауэ 1967 гъэм и фокIадэ мазэм пщIондэ шы завод №94-м и агроном нэхъыщхьэ къулыкъур зэрихьащ.

1967 гъэм и жэпуэгъуэм щегъэжьауэ 1969 гъэм и пэщIэдзэм пщIондэ ар и агроном нэхъыщхьэщ Май районым мэкъумэш хозяйствэмкIэ и управленэм. 1969 - 1974 гъэхэм «Майский» пхъэщхьэмыщхьэ-хадэхэкI совхозым и агроном нэхъыщхьэу лэжьащ, абы къыдэкIуэуи Кубань мэкъумэш институтым и аспирантурэм щеджащ. 1973 гъэм и кандидат диссертацэр ехъулIэныгъэкIэ пхигъэкIащ.

1974 гъэм мэлыжьыхьым и 3-м Клевцов М. М. хахащ КъБАССР-м и Май районым щызэхэт «Красная нива» колхозым и председателу. Ар абы и унафэщIу зэрыщыта лъэхъэнэм къриубыдэу Котляревскэ станицэм къанэ щымыIэу газрэ электричествэрэ щыщIашащ, псы бжьамийхэр щаукъуэдиящ, уэрамхэр зыхуей щыхуагъэзащ, школым и еджапIэ корпусыщIэ яухуащ. 1979

1986 гъэм и щэкIуэгъуэ мазэм Клевцовыр ягъэуващ Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм и IэщагъэлI пашэу.

1987 гъэм и мэлыжьыхьым щегъэжьауэ 1988 гъэм и щэкIуэгъуэ пщIондэ ар лэжьащ Ставрополь крайм и Киров районым хадэхэкIхэмрэ къэбхэкIхэмкIэ жылэр щыхах IэнатIэм и агроном нэхъыщхьэу. 1989 гъэм и пэщIэдзэм Налшык къэIэпхъуэжри, Нартыху гъэкIынымкIэ урысейпсо щIэныгъэ-къэхутакIуэ интститутым и къудамэм и унафэщI хъуащ, иужькIэ «Агроконсалт» ООО-м и генеральнэ директору ягъэуващ.

Къэралым жылагъуэ зэхэтыкIэр щихъуэж лъэхъэнэм Клевцов Михаил Михаил и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и депутату хахащ, КъБР-м ЩIы IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщIу щытащ. 2005 гъэм щыщIэдзауэ КъБР-м и Президентым къэзакъ IуэхухэмкIэ и жылагъуэ чэнджэщэгъу къулыкъур иIыгъащ.

Республикэм и зыужьыныгъэм, абы щыпсэу лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэр гъэбыдэным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ лъэрызехьэ Клевцов Михаил Михаил и къуэм и цIэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм къыхэнэнущ. Абы и фэеплъ нэхур ящыгъупщэнукъым зыцIыхуу щытахэм, къыдэлэжьахэм, благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ.

КIуэкIуэ К. В., Егоровэ Т. Б., Мусуков А. ТI., Васильченкэ Д. А., Къуэдзокъуэ М. М., Абдулаев М. К., Саенкэ Т. В., Амщокъуэ Ф. Къ., Бакъ Ф. О., Берд Хь. А., Гекиев З. Д., Джэш Ф. А., Говоров С. А., Губин Г. С., Жанатаев С. А., Жыджэт А. А., Залиханов М. Ч., Зумакулов Б. М., Къардэн М. Н., Къуэшырокъуэ З. Къ., Къумахуэ М. Л., Къуныжь М. А., КIурашын А. В., Маслов Н. А., Нэхущ З. А., Отаровэ Р. А., Пэнагуэ М. А., Сарбашевэ С. М., Сэхъурокъуэ Хь. Хь., Тау П. Къ., Тату К. Б., Тэхъу А. Д., Ульбашев М. М., Уянаевэ А. М., Федченкэ Л. М., Хьэщхъуэжь А. Б., Хъубий М. Б.

Мамырыгъэм зи гъащIэр щIэзытахэр

Налшык къалэм, Хабзэхъумэхэм я щIыхь аллеем деж, щекIуэкIащ Урысей Федерацэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и органхэм я лэжьакIуэ зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я фэеплъ пэкIу.

ЩЫГЪУЭ пэкIум хэтащ къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ, полицэм и генерал-майор Крючков Вячеслав, абы и къуэдзэ - полицэм и полковникхэу Мамхэгъ Назиррэ Бахъуэ Аслъэнрэ, къэрал кIуэцI къэлыкъум и полковник Кузнецов Константин, къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министру республикэм щыIэм и къуэдзэм и къалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ Факъуэ Казбек, апхуэдэуи МВД-м и Жылагъуэ советым и тхьэмадэ Мэкъушэ Руслан, республикэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и органхэм я ветеранхэм я щIыналъэ IуэхущIапIэм и тхьэмадэ Пыхъ МуIэед, ветеранхэр.

Къызэхуэсахэр дакъикъэкIэ щымри, Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм хэкIуэда хабзэхъумэ сэлэтхэм, я къалэн ягъэзащIэу республикэм и мамырыгъэм зи гъащIэр щхьэузыхь хуэзыщIахэм я фэеплъым деж удз гъэгъахэр щагъэтIылъащ.

Ящыгъупщэркъым

Урысей Федерацэм къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и органхэм я лэжьакIуэхэм я фэеплъ махуэм, КъБР-м щыIэ МВД-м и Следственнэ управленэм и лэжьакIуэхэр щыIащ зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда я лэжьэгъухэу КIэмыргуей Арсенрэ Джэрыджэ Муратрэ я унагъуэхэм.



ПОЛИЦЕЙХЭР я лэжьэгъухэм я Iыхьлыхэм епсэлъащ, анэхэм фIыщIэ хуащIащ апхуэдэ къуэ нэсхэр зэрапIам папщIэ. ЦIыхубзхэм жраIащ узыншагъэ быдэ, мамырыгъэрэ зэIузэпэщыгъэрэ яIэну зэрагуапэр икIи саугъэт иратащ.

Полицэм и лэжьакIуэхэм къыхагъэщащ къудамэм и унафэщIхэмрэ лэжьакIуэхэмрэ хэкIуэда я ныбжьэгъухэм я фэеплъыр зэрахъумэр икIи сыт щыгъуи дэIэпыкъуэгъу хъуну зэрыхьэзырыр.

Абы пэджэжу, унагъуэхэм щыщхэм лэжьакIуэхэм фIыщIэ хуащIащ сыт щыгъуи я нэIэ къазэрытетым папщIэ, икIи жаIащ я къулыкъукIэ ехъулIэныгъэ яIэну зэрагуапэр.

Сыт щыгъуи я гум илъщ

Къэралым зэрыщагъэуващи, щэкIуэгъуэм и 8-р Урысей МВД-м и лэжьакIуэхэу зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ. Абы ехьэлIа пэкIухэр республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ щекIуэкIащ.

УРЫСЕЙ МВД-м Аруан районым щиIэ и къудамэм и лэжьакIуэхэм зи къалэн зыгъэзащIэу хэкIуэда я лэжьэгъухэм я фэеплъым пщIэ хуащIу пэкIу ирагъэкIуэкIащ. Абы хэтащ къудамэм и гупыр, Нарткъалэ дэт курыт еджапIэ №2-м и юнармейцхэмрэ школакIуэхэмрэ.

Балигъ мыхъуахэм я IуэхухэмкIэ инспектор нэхъыжь ШэмпIар Оксанэ ныбжьыщIэхэм яхутепсэлъыхьащ Аруан район ОМВД-м милицэм, полицэм я лъэжьакIуэхэу 13-м я цIэхэр тетхауэ полицэм и унэм и деж щагъэува фэеплъым.

- Ди жагъуэ зэрыхъущи, дэ тфIэкIуэдащ ди лэжьэгъу нэхъыфIхэр. Я гъащIэ емыблэжу абыхэм яхъумащ лъахэм и мамырыгъэр,- къыхигъэщащ Оксанэ.

Къызэхуэсахэр дакъикъэкIэ щымри, хэкIуэда я ныбжьэгъухэм я фэеплъым деж удз гъэгъахэр щагъэтIылъащ.

БАХЪСЭН Ланэ.

Дунейм щыхъыбархэр

Гулъытэ хуащI

Дзэ Iуэху хэхам хэтхэм Урысейм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм щыхуахащ бюджет тIысыпIэу мин 15. Урысей Федерацэм щIэныгъэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэмкIэ и министр Фальков Валерий зэрыжиIамкIэ, зауэлIхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ пщIэншэу щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтын Iуэхум етIанэгъи къыпащэнущ.

«ХАБЗЭ хъуауэ бюджет тIысыпIэу щыIэм я процентит 10-р дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэм щыщхэмрэ квотэ щхьэхуэкIэ къалъысынущ, - жиIащ министрым. - Къыщыхъуаи щыIэщ а IуэхумкIэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэтIысхьэну гупыж зыщIахэм бюджет тIысыпIэхэр щахуримыкъуа. Апхуэдэхэм деж еджапIэхэм я унафэщIхэм жэуаплыныгъэр я пщэ далъхьэжурэ жэрдэм зиIэхэм япэщIэкIуэтащ - дэтхэнэми къыхиха унэтIыныгъэм хуеджэну Iэмал иратащ».

ПрезидентыщIэ яIэщ

США-м щекIуэкIа президент хэхыныгъэхэм щытекIуащ Трамп Дональд, абы и телъхьэу Iэ яIэтащ цIыху мелуан 71-м. НэхъапэкIэ абы жиIауэ щытащ а политикэ зэхьэзэхуэм бжьыпэр зэрыщиубыдынум шэч къызэрытримыхьэр. Америкэр ныбжьэгъугъэ зыхудимыIэж къэралхэм ящыщт, абы щекIуэкIа политикэ зэхъуэкIыныгъэр Урысейм къызэрыхущIэкIынур сыт хуэдэу пIэрэ?

ХЭХЫНЫГЪЭХЭМ ипэ къихуэу абы иригъэкIуэкIа зэхыхьэхэм мызэ-мытIэу къыщигъэлъэгъуащ урысей-украинэ зэныкъуэкъум теухуа и еплъыкIэхэр. Абы жиIащ къулыкъум хабзэкIэ щыпэрыхьэну зэманыр (щIышылэм и 20-р) къэмыс щIыкIэ къэралитIым яку къыдэхъуа зэпыщIэтыныгъэр игъэувыIэну, сыхьэт 24-м къриубыдэу а Iуэхур зэфIигъэкIыну.

«Урысеймрэ Украинэмрэ я зэныкъуэкъум кIэ егъэгъуэтыным Америкэм и фейдэ хэлъщ. КъэралитIым зэгурыIуэныгъэ зэращIылIапхъэщ. А зэпэщIэтыныгъэм цIыхушхуэ хэкIуэдащ. ИлъэсиплI ипэкIэ президент къулыкъум сыпэрыхьауэ щытамэ, урысей-украинэ зэныкъуэкъур щыIэнутэкъым», - жиIащ абы.

ЩэкIуэгъуэм и 12, *гъубж*

♦**Пневмонием (тхьэмбыл узым) ебэныным и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысейм и ХъумапIэ банкым и лэжьакIуэм и махуэщ**
♦**1472 гъэм** Урысейм и ГербыщIэр - щхьитI зыфIэт бгъэр зытетыр - къащтащ.
♦**1936 гъэм** къалъхуащ пианисткэ Iэзэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Бэрсокъуэ Еленэ**.
♦**1937 гъэм** къалъхуащ Иорданием щыщ къэрал, жылагъуэ лэжьакIуэ, философием и доктор, профессор, ЩIДАА-м и академик, томий хъу «Адыгэ тхыдэ щIэнгъуазэр» хьэрыпыбзэкIэ къыдэзыгъэкIа **Бацэжь (Мамсыр) Мухьэмэд-Хьер**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 4 - 5, жэщым градуси 3 щыхъунущ.

ЩэкIуэгъуэм и 13, *бэрэжьей*

♦**Нэфхэм я дунейпсо махуэщ**
♦**Гуапагъэм и дунейпсо махуэщ**
♦**Урысей Федерацэм Къэрал щэхур хъумэнымкIэ и IуэхущIапIэр къыщызэрагъэпэща махуэщ**
♦**1758 гъэм** Москва къалэм и лъабжьэр щагъэтIылъащ Япэ медицинэ институтым (иджыпсту Сеченов И. М. и цIэр зэрихьэу Москва дэт медицинэ академиерщ).
♦**1929 гъэм** къалъхуащ Адыгэ Республикэм и сурэтыщI, АР-м и гербыр зыщIа **Мерэтыкъуэ Долэт**.
♦**1955 гъэм** къалъхуащ зэдзэкIакIуэ, радиожурналист **Мэремкъул Ларисэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 6, жэщым градуси 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Зэгъэзэхуэным и махуэм

Мы гъэм, адрей илъэсхэми хуэдэу, Экономистым и махуэр щэкIуэгъуэм и 11-м Урысей Федерацэм щагъэлъапIэ.

«ЭКОНОМИКЭ» - мыр алыдж жыIэкIэщ, «лъапсэр, унагъуэр тэмэму зехьэн» къикIыу. А псалъэр япэ дыдэу къагъэсэбэпын щыщIадзауэ хуагъэфащэр ди эрэм ипэкIэ IV лIэщIыгъуэм икухэрщ. Лъэхъэнэ жыжьэхэм псэуахэм, тхыдэм къызэрыхэщыжымкIэ, унагъуэр зехьэным, къедза лъапсэр зыхуей хуэгъэзэным мыхьэнэ ин дыдэ ирату щытащ.

Ауэрэ, цIыхухэм нэгъуэщI къалэнхэри зыхуагъэувыжу, ахэр зэгъэхъулIэным пыщIа Iэмалхэми лъыхъуэу ирагъэжьащ. Апхуэдэу, XVI лIэщIыгъуэр здекIуэкIым, Европэм щыIэ къэралхэм къыщыунэхуащ экономикэм щыхуагъасэ еджапIэ зыбжанэ. Илъэсищэхэр блэкIри, цIыхубэ хозяйствэм зыщиужьащ, псэукIэм пыщIа Iуэхухэм зыщаубгъуу щIадзащ, производствэмрэ хьэрычэтымрэ щызэтеуващ.

Зи гугъу тщIы IэнатIэм ирилажьэхэм ди къэралым гулъытэ хэха хуащI щыхъуар 1917 гъэм къыщыщIэдзауэщ. Абы щыгъуэщ «ФинансхэмкIэ цIыхубэ комиссариат» зыфIащар къыщызэрагъэпэщауэ щытар (1946 гъэм ар СССР-м ФинансхэмкIэ и министерствэ хъужат).

2011 гъэ пщIондэ Экономистым и махуэр, къэрал утыку мыхъуу, зыгъэлъапIэу къекIуэкIар абы ирилажьэхэм я закъуэт, гулъытэ хэIэтыкIа щыхуащIу къаублари мэкъуауэгъуэм и 30-рат.

Иужьым, а гъэ дыдэм, УФ-м и Президентым и унафэкIэ ар, Экономистым и махуэр, къалъытащ къэрал псом щыхэIэтыкIыпхъэ Iуэхугъуэу, зытрагъэхуари фокIадэм и 8-р арат. А махуэрат пащтыхь Александр Езанэм и унафэкIэ Урысей къэралыгъуэжьым финансхэмкIэ министерствэ къыщызэрагъэпэщауэ щытар.

АрщхьэкIэ, ди къэралым Эконом зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм къулыкъу щызэзыхьэхэр 2015 гъэм а «Iуэхум» аргуэру щыхэплъэжым, зи гугъу тщIы махуэр зытегъэхуэн хуейуэ къыщIрагъэдзыжар щэкIуэгъуэм и 11-рщ. ЩIыхуагъэзари, зэрыжаIэмкIэ, 1765 гъэм а махуэ дыдэм Урысейм и пащтыхь гуащэ Екатеринэ 2-м, Правительствэм и жыIэ щIэмыт, Эконом жылагъуэ щхьэхуит къэралым къыщызэгъэпэщынымкIэ унафэ ищIауэ зэрыщытарщ.

Хабзэ зэрыхъуауэ, мы махуэр зэдагъэлъапIэ хьэпшыпрэ ерыскъыхэкIрэ къыщIэзыгъэкI IуэхущIапIэхэм, ахъшэ хъумапIэхэм, уней, къэрал зэгухьэныгъэхэм я мылъкур зэгъэзэхуэн-зэкIэлъыгъэкIуэныр зи пщэ дэлъ лэжьакIуэхэм, экономикэм щыхуагъэхьэзыр еджапIэхэм щIэсхэмрэ абыхэм я гъэсакIуэхэмрэ, властым щыщу къэралым зи гугъу тщIы и IуэхущIапIэхэм кIэлъыплъхэм, нэгъуэщIхэми.

Мы махуэм ирагъэкIуэкI зэIущIэхэм зи IэнатIэм нэхъ къыщыхэжанык Iахэр щагъэпажэ, щIыхь тхылъхэмрэ дипломхэмкIэ щагъэгуфIэ. Къинэмыщ Iауэ, экономистхэм я Iэзагъэм щыхагъахъуэ семинархэр, мастер-классхэр, дерс щхьэхуэхэр лэжьапIэхэм къыщызэрагъэпэщ.

УФ-м экономикэмкIэ и IэнатIэхэм пщIэ нэхъ щызиIэу къалъытэр Урысейпсо жылагъуэ тыгъэу «Гъэм и экономист» зи фIэщыгъэмрэ абы дыщIагъу дамыгъэмрэщ.

Мыр мылъку зэгъэзэхуэкIэм пыщIа щIэныгъэр гъуазэ зыхуэхъуа IэщIагъэлIым зэреджэ псалъэщ. Экономистым и къалэнщ щылажьэ IэнатIэм хэхъуэ-хэщI и лъэныкъуэкIэ и Iуэхухэр зэрыщекIуэкIым кIэлъыплъыныр, улахуэ тыкIэр щызэкIэлъыгъэкIуэныр, нэгъуэщI абы ещхьхэри. Апхуэдэм зэрихьэфынущ финансист, бухгалтер, налогхэмкIэ IэщIагъэлI, аналитик IэнатIэхэр.

Зи гугъу тщIы унэтIыныгъэм хуэIэзэ хъуну хуейм а лъэныкъуэмкIэ щIэныгъэ ищхьэ зэригъэгъуэтыпхъэщ, математикэм ирикъун хуэдизу хищIыкIыпхъэщ, и акъылыр зэхэлъхьэ-зэхэхыкIэм хуригъэсапхъэщ, зы пIэ имыкIыу щысыфу, гъэхуарэ набдзэгубдзаплъэуи щытыпхъэщ, бжыгъэбэм яхэзэгъапхъэщ, компьютерым къыщагъэсэбэп иджырей программэхэм, технологиещIэхэм хищIыкIыпхъэщ.

ГъэщIэгъуэнщ

- Дунейм щыяпэ дыдэ кредит картэхэр къыщыунэхуар 1950 гъэращ, зэрагъэхъыбарымкIи, Нью-Йорк къалэм щыщ, финанс зэгухьэныгъэм и унафэщIым и ахъшэ «тIэкIур» зыдэлъ и чысэр зэримыIыгъым къыхэкIыу, шэджагъуашхэ щищIа шхапIэм и уасэр щримытыжыфа иужькIэщ.

- Тхыдэ мыжыжьэм къызэрыхэщыжымкIэ, США-м къэрал щIыхуэ щытемылъар 1835 гъэм щIышылэм и 8-нэ махуэм и закъуэщ.

- А къэралым щыхабзэщ «День благодарения» жыхуаIэ махуэм техуэу, гъэ псом щIэупщIэ нэхъ зиIа хьэпшыпхэр уасэ нэхъ зэгъкIэ ахэр зыщIэлъа тыкуэнхэм щащэжу. Тхылъхэм абыхэм я цIэр зэрыщыхагъэщхьэхукIыу щытар шакъэ фIыцIэкIэти, «мэрем фагъуэ» фIэщыгъэр къызытехъукIари арауэ жаIэ.

- XVIII лIэщIыгъуэм Швецием гъуаплъэм къыщыхащIыкI я ахъшэхэм килограмм 20 нэблагъэ я хьэлъагът.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Псым хэхуа гъущэу къыхэкIыжыркъым.

ЦIыху нэсу дунейм тетащ

НэхъыжьыфI зимыIэм нэхъыщIэфIи иIэкъым, жиIащ адыгэм. НэхъыщIэм щапхъэ дахэ иригъэлъагъун папщIэ, нэхъыжь губзыгъэм псалъэ лейри къилъыхъуэркъым. Абы и дуней тетыкIэр зэрыщыту щапхъэщ, и цIыху щIыкIэр узыдэплъеиным хуэдэщ. Узыгъэгъуэзэн, узыущиин цIыхур уиIэныр махуагъэщ. Абы деж къыщыпщIамрэ щызэхэпхамрэ дунейм екIуу узэрытетын гъуэмылэ мэхъу, щIэныгъэ нэс ирокъу. Мы тхыгъэр зытеухуа нэхъыжьыфIыр нобэ къытхэтыжкъым. Ауэ, тобэ ирехъуи, дунейм зэрехыжрэ абы и цIэр къыщрамыIуа махуэ къэхъуагъэнкъым, апхуэдизкIэ фIэлIыкIрэ пщIэрэ къуажэ псом зыхуригъэщIыфIати. Мэжджыхь Хьэжпагуэ лIыфIым и щапхъэт, и псалъэкIи и IуэхущIафэкIи гъуазэ хъухэм ящыщт.

МЭЖДЖЫХЬ Мыхьэмэтрэ Щомахуэхэ япхъу Гуащэлинэрэ я унагъуэр зэгурыIуэмрэ зэдэIуэжымрэ щытепщэ унагъуэт. ЛIым и пщIэр зыхъумэ унэгуащэм хузэфIэкIащ къащIэувэ щIэблэм «Мыхьэмэт и быныр нэгъуэщI хъун хуейтэкъым» къыхужаIэу къигъэтэджын, хабзэмрэ цIыхугъэмрэ щIипIыкIын. Зэрыбынипщ хъу унагъуэшхуэм Хьэпагуэ нэхъыщIэ дыдэтэкъым, ауэ щIалэ гурыхуэм къыдалъхуауэ зы щытыкIэ дахэ иIэт: жаIэр къипхъуатэрт, мыбзаджэуи игъэзащIэрт. Лъэпкъым Iуэху зиIэ къахэкIамэ, сытри дзыхь хуэпщI зэрыхъунур пасэ дыдэу нэхъыжьхэм къагурыIуащ, щIалэ дыдэуи пщэрылъ зэмылIэужьыгъуэхэр къыщащIу хуежьащ. И жыджэрагъымкIэ, и зэгъэзэхуэкIэмкIэ, и псэлъэкIэмкIэ псоми къахэщырт.

Хьэпагуэ дигу къыщIэкIыжын куэд гъащIэм дыщрохьэлIэ, ар къытхэтыжамэ, мыпхуэдэ хьэдэгъуэдахэхэр къэхъунтэкъым, жытIэу. Хабзэжьыр бзыпхъэу зрихьэ щхьэкIэ, щIэм къыхэхъухьхэм гу лъимытэу зызыхъуэжын хуей гуэрхэр гъащIэм къызэрыщыхъур къыгурымыIуэу щыттэкъым. Арагъэнт абы нэхъыжьи нэхъыщIи къыщIекIуалIэр, и псалъэр къыщIалъыхъуэр. Хьэпагуэ къыщалъхуар 1895 гъэрщ, ауэ ХьэтIохъущыкъуей Ипщэ къуажэм 1905 гъэм щекIуэкIа къыхэтхыкIым къызэрыхэщымкIэ, ар илъэси 10 ирикъурт, нэгъуэщIу жыпIэмэ, 1890 гъэм къалъхуащ. Сыт хуэдэу щытми, ныбжьыфI иIэу, илъэсищэм нэблэгъащ жаIэу, и акъылыр жану, и гупсысэр бзыгъэу къэпсэуащ. Дунейм къыщытехьэм «Хьэжпагуэ» фIащами, къызэреджэу щытар «Хьэпагуэщ», аращ ар къуажэдэсхэми, Iыхьлыхэми, бынхэми зэрацIыхур, ягу къызэринэжар, дэри апхуэдэущ абы дызэрытетхыхьынур.

Илъэсищэм зэ къалъхуми яращ а дадэ Iумахуэм хуэдэ. Егъэлеяуэ цIыху губзыгъэт, зыхимыщIыкI щыIэу пIэрэ, жыпIэну сытми хуэIэижьт. Ар нэхъыбэу къызэрацIыхужыр къупщхьэхэм еIэзэу, къутар зэпигъэкIэжу, абы ефыкI узым и лIэужьыгъуэр къищIэу зэрыщытарщ. Къэбэрдейм дэнэ щIыпIэкIи лъакъуэ уз зиIэхэр къыхуашэурэ кърагъэплъырт. Абы хузэфIэкIырт дохутырхэм ящIыжа къупщхьэр пхэнжу мэкIыж жиIэрэ, икъутэжу щIэрыщIэу зэпигъэувэжыну. «БзэгуфIэ» гуэрхэм зэгуэрым хабзэхъумэхэм хуаIуэхугъат лIыжьыр дохутыр IэщIагъэм зэрытеIэзэщIыхьыжыр, ауэ зыри къикIакъым - абыхэм нахуэу я нэгу щIэкIат IэщIагъэлIхэм яIэщIэкIа щыуагъэр нэгъэсауэ зэриузэхужыр.

Апхуэдэу Хьэпагуэ сабийхэм я блыпкъ ипкIамэ, иригъэпкIэжырт, лъэгуажьэтесыр екIуэкIамэ, и пIэ иригъэзэгъэжырт, тхыцIэ къупщхьэхэр зэрыкIамэ, зэтригъэтIысхьэжырт. Къупщхьэ уз зиIэм и щIыфэм щабэ цIыкIуурэ теIэбэурэ, зыгуэр къихутэм хуэдэурэ IэпэкIэ щIыфэм зыбжанэрэ иригъажэрти, сымаджэр щыпэмыплъэ дыдэм деж къутапIэ е ипкIыгъэ здэщыIэм хуэкIуэу теIунщIэрти, къэхъуар зэригъэзэхуэху, къупщхьэр и пIэм иригъэтIысхьэжырт. Абы иужькIэ къупщхьэ узым и лIэужьыгъуэм елъытауэ, е ишхэрт, е ипхэрт.

Удз хущхъуэхэми фIыуэ хищIыкIырт Хьэпагуэ. А щIэныгъэр и анэм къыбгъэдихауэ жиIэрт. Пэж дыдэу, къуажэдэсхэм ноби жаIэу урихьэлIэнущ Щомахуэхэ япхъухэм удзым хущхъуэгъуэр ху жылэкIэ къращэ, жаIэу. ГурыIуэгъуэ хъун папщIэ, жыIэн хуейщ: удз хущхъуэ къащыпыну Щомахуэхэ я цIыхубзхэр губгъуэм щыдэкIкIэ, ху жылэ Iэбжьыб дахырт, удзыфI хуагъэзэну тхьэ елъэIуу, абы пэкIуэуи хур япхъырт. ЩIыгуми Iэзэгъуэ зыхэлъ удзхэр къахуигъэлъагъуэу, щаIуэжырт. «Узыгъуэу щыIэм хущхъуэгъуэ къахуигъэщIащ, ар къэбгъуэтыфын хуейуэ аращ», - жиIэрт. Кърачын ипэ къихуэу, и анэм зэригъэсам хуэдэу, Хьэпагуэ удзым епсалъэрт, и щхьэр иригъэзыхырти, зыгуэр къыжриIэм хуэдэу едаIуэрт, иужькIэ абы и хущхъуэгъуэр хьэзырэ мыхьэзыррэ жиIэрт. Хьэзырмэ, лъабжьэр къыдэкIуэу кърифыщIыкIыртэкъым, атIэ жан цIыкIукIэ лъэдакъэм деж къыщыпиупщIырт. Мыхьэзырмэ - щабэу едэхащIэрти, уэ нэхъ удз дахэ зэрыщымыIэр пщIэрэ, жриIэрти, адэкIэ блэкIырт.

Зи гъащIэр губгъуэм иту зыхьа Хьэпагуэ Iэщым и пIалъэм фIы дыдэу хищIыкIырт, зыхэт дунейм и щытыкIэми мыбзаджэу щыгъуазэт. Абы и щапхъэ дахэ хъыбару къэнащ. Зэгуэрым мэлыхъуэ лэгъупэжьу Къуэщхьэхъу здэщыIэм, псыдзэ къехри, бгы къыгуэуар къуэм къыдэнат, цIыхухэр щызэхэзекIуэ гъуэгур зэхуищIри. НэгъуэщIыпIэкIэ укъекIуэкIынуми, задэти, дзыхьщIыгъуэджэт апхуэдэ гъуэгу укъытехьэну. Къущхьэхъум Хьэжпагуэ нэмыщI зыри щыIэтэкъым, хьитI, жэмитI, гъэлъэхъу минитI щIыгъут. ЗекIуапIэхэр нэхъ хуит къэхъужыху, мазитI кIуащ. Псыдзэр къыщыкIуам ирихьэлIэу, Хьэпагуэ нартыху хьэжыгъэ путитI нэмыщIа зыри иIыгъакъым. МазитIым и кIуэцIкIэ жэмыр къишурэ, шху игъэпцIащ, кхъуей хихащ, шэжыпсым хьэжыгъэ тIэкIу хиудэурэ хьэхэр ипIащ, Iэщхэм мэкъу пыупщIар плIэкIэ къихьурэ яригъэшхащ. ГуащIэмащIэ мыхъун папщIэ, щхьэж зрикъунур зыщIэ лIым и щхьэмкIи, анэмэту къыхуэна псэущхьэхэмкIи иригъэлеякъым - мащIэр щыIэфIымрэ куэдыр щыфIэIуэмрэ, жиIэрт лIыжьым. Мис апхуэдэу езым и щхьэри, Iэщым и щхьэри кърригъэлат, хэмыщIIауи и унэ къекIуэлIэжат.

Хьэпагуэ хуэдэу IыхьлыхэмкIэ гумызагъэр куэд дыдэ хъуркъым. Абы фIэмылIыкI, щымыукIытэ, и шынагъэр зымыIыгъ лъэпкъым цIыху исауэ къыщIэкIынкъым. Нэхъыжьыгъэр къылъыса нэужь, ар къыщыхъуар 1972 гъэрати, ткIийуэ иIыгъащ, лъэпкъым и кIуэцIкIэ сыт хуэдэ Iуэху къыщыхъуми, хабзэм тету зэрыдахынум, хамэхэм емыкIу къызэрыхуамыщIынум хущIэкъуащ. Абы и псалъэм къаруушхуэ иIащ, и чэнджэщыр унафэу лъэпкъым иIыгъащ, и унафэр узэбакъуэ мыхъун хабзэу къадэгъуэгурыкIуащ. Хьэпагуэ и лъэ кърихьэкIыху лъэпкъыр унащхьэ чэзууэ къызэхикIухьыу, дэтхэнэми и Iуэху зыIут зригъащIэу щытащ. Псоми я деж нэсырт, псоми я Iуэху зыIутыр зригъащIэрт. Мэжджыхьхэ къэгъэнауэ, Хьэпагуэ и гулъытэ нэсырт и анэр къэзылъхуа Щомахуэхи, и адэр къэзылъхуа Уетхи, и адэшхуэр къэзылъхуа Мэршэнкъулхи. Псоми якIэлъыкIуэрт, дэтхэнэми хунэсырт, къыпыщIа и Iыхьлыхэм ящыщу и гулъытэ щигъащIэ къахэкIыртэкъым. Арагъэнущ а лъэпкъхэм я нэхъыжьхэм нобэр къыздэсым Хьэпагуэ и цIэр фIыкIэ къыщIраIуэр, зыщIигъэдэIуа ущиехэмрэ захригъэха псалъэ пэжхэмрэ гъэсэпэтхыдэу щIызэрахьэр. Псом хуэмыдэу Мэршэнкъулхэ зыхилъхьэ щыIэтэкъым, абыхэм къалъхуащ зэрылъэпкъыу дыкъэзылъхужананэр, а лъэпкъым я хьэкъыр ттелъщ, жиIэрт.

Хьэпагуэ жьакIуэт, гупсысэр нахуэу зэкIэлъыгъэкIуауэ зэпигъэувэрт, щыпсалъэм деж утыку кърилъхьа жыIэгъуэм зэрегупсысар, ар куэдрэ зэрызэригъэзэхуар къапщIэу Iущыгъэ куэдкIэ иузэдырт. ЛIы ткIийми, лей зрихьэртэкъым, зэрахьэуи, цIыхум хуэмыфащэ ирапэсуи идэнутэкъым. Удыным я нэхъ бзаджэр псалъэрауэ къилъытэрт Хьэпагуэ. «Сэшхуэм пиупщIар мэкIыжри, псалъэм пиупщIар кIыжыркъым, къэфпсэлъым фыхуэсакъ, нобэрей махуэм иужькIэ пщэдейрей махуэри къэкIуэнущи, фыхущIегъуэжынщ», - жиIэрт. И Iущыгъэр лъащIэншэу зэрыщытар кърипщIэну куэд ухуейкъым, нобэр къыздэсым «Хьэпагуэ жиIащ» жаIэу къырахьэкI мы псэлъафэхэм ущыгъуазэ къудеймэ:

«Уипхъу тезыгъэум къыпхуимыщIа щыIэкъым» - малъхъэм зэрыхуэарэзыр къигъэлъагъуэу жиIэрт. «Уи малъхъэр къуэуэ плъытэмэ, уи нысэр пхъуууэ плъытэмэ, утыншынущ» - быныр зэхэдз зэрумыщIым хуэдэу, абыхэм гъусэ яхуэхъуари бын Iыхьэу къэлъытэн зэрыхуейр къыхэщу жиIэрт;. «Хьэблэ нысэ Тхьэм фимыщIкIэ, си бынхэ», жиIэрт, уэрамым псалъэ зепхьэу удэтыным нэхъыкIэ зэрыщымыIэр къигъэлъагъуэу.

Нарт тхыдэжь, хъыбар, таурыхъ, псысэ куэд дыдэ ищIэу щытащ. «Борэжь и хъыбарыр», «Жансэхъухэрэ ХьэтIохъущокъуэхэрэ бий щIызэхуэхъуар», «Къэбэрдейр выфэкIэ къызэрыщэхужар», «ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэрэ Къэзанокъуэ Жэбагъырэ», нэгъуэщI куэдри абы къыхидзэрэ кIэщIу иухыжутэкъым зэриIуатэр, атIэ дэтхэнэ зы Iуэхуми гулъытэ яритурэ гъэтIысауэ ишэщIырт, зы хъыбарым пщыхьэщхьэ псо щихь къэхъуу. АпхуэдизкIэ гъэщIэгъуэну къиIуэтэжырти, блэкIар уи нэгу IупщIу къыщIигъэувэфырт, апхуэдизкIэ а къэхъугъэхэр уи фIэщ ищIырти, куэдрэ пщымыгъупщэу узэщIиIыгъэрт. Адыгэхэм зы хабзэ дахэ яIащ щыгъуэхэшыжкIэ еджэу. ЩыгъуапIэ итар гупым хъыбаррэ зэхэс дахэкIэ къыхашэжу щытащ, Хьэпагуэ хуэдэу абы екIуу пэлъэща щыIэкъым, жыпIэным хуэдэт.

IуэрыIуатэм къыдэкIуэу, Хьэпагуэ къуажэм и тхыдэми фIы дыдэу щыгъуазэт. Ар тепсэлъыхьыжыфырт ХьэтIохъущокъуэхэ ЗеикъуэкIэ зэджэ щIыпIэм къызэрыIэпхъуам, БешкъэзакъхьэблэрФэндыкъуэ къыдэкIыжу къызэрыкIуэжам, Пырхъышхэ къуажэм къызэрыкIуам, Щоджэнхьэблэр Бэдыдж къыдэкIыжу ХьэтIохъущыкъуейм къызэретIысылIэжам. ЗэкIэлъыгъэкIуауэ жиIэжыфырт къуажэм лъэпкъыу дэсыр къуажэм къыщыкIуамрэ къэкIуамрэ. ФIы дыдэу хищIыкIырт лъэпкъхэм я зэпыщIэкIэм, я зэхуаку дэлъ Iыхьлыгъэм. Хьэпагуэ хуэдэу щIыпIэцIэхэмрэ абыхэм епха хъыбархэмрэ щыгъуазэу мащIэ дыдэщ щыIар. Лъэпкъ щIэныгъэу бгъэдэлъам гъуни нэзи иIакъым.

Хьэпагуэ и цIэр къызыхэщ сыт хуэдэ гукъэкIыжми уегъэгупсысэ. Хабзэмрэ динымрэ ткIийуэ иIыгъти, ахэр къызэпыбудауэ къыпхуигъэгъунутэкъым. Зэгуэрым, и унэкъуэщхэр унащхьэ чэзукIэ къызэхикIухьурэ, я Iуэху зыIутыр зригъэщIауэ къыздэкIуэжым, зы щIалэ Iэчлъэч и гъуэгупэ къихуащ. Дунейр щIыIэт, ауэ Iэмалыншагъэм ирихулIати, фызабэ гуэрым пхъэ икъутэрт. ЩIалэр мывэкъалэм щхьэдэплъыхри, абы ищIэр илъэгъуа пэтми, къэмыувыIэу зэрыблэкIар Хьэпагуэ и жагъуэ фIыцIэ хъуащ.

Дадэм щIалэр зыщыщыр зригъэщIэну, ищIа хабзэншагъэм гу лъригъэтэжыну триухуащ. Зи ужь иува щIалэр зыдыхьэжа пщIантIэм Хьэпагуэ дыхьащ. Унэм ис цIыхубзыр къыщIэкIащ. Ирагъэблэгъа щхьэкIэ Хьэпагуэ идакъым, цIыхубзым зыхуигъазэри: «Ди гуэщ щIыбагъым пхъэ ентIыр зыбжанэ щызэтелъщи, накIуи схузэгуэгъэху, щIымахуэм пхъэгъэсыну сыхуейщ», - жиIащ. Ар зэхэзыха щIалэр къызэщIэнащ: «Сыт щхьэкIэ ди анэм апхуэдэр къыупэсу къыжепIа?» - жиIэри. «Сыноплъри, ущIалэ Iэчлъэчщ, щIым лъэ быдэкIэ утетщ, дауэ епкуа-тIэ нетIрей цIыхубзым укъыблэкIын? Уи анэр щIыбагъыншэу къэнат. ФызабэкъуэкъыпхужаIэмэ нэхъыфI, хьэмэрэ мыпхуэдэм и къуэщ жаIэу уи цIэр дахэу Iумэ нэхъ игъуэ? А цIыхубзри уи анэ хуэдэтэкъэ?» ЩIалэр укIытэжащ, фызабэм деж игъэзэжри, щIымахуэм зрикъуэн хуэдиз пхъэ хуикъутэри, гуэщым щыхузэтрилъхьэжыгъат.

ЦIыхур емыкIу къыщIыхуищIын гуэр къыпаубыдынкIэ зэрыхъунур фIыуэ ищIэрт Хьэпагуэ. Ар къэхъумэ, и бынкIэ къызэрырахъуэнынур къыгурыIуэрти, къыщIэхъуахэм зэи ятеплъэкъукIакъым, игъэсащ, иунэтIащ, иущиящ. Аращ абы жылэри къыщыукIытэу щIыщытар - и псалъэ къыщIумыщтэн, и гие ущIемыдэIуэн ущхьэгъу далъагъуртэкъым.

Щхьэгъусэ тыншу къыщIэкIащ Хьэпагуэ. Япэу къишар Архэстхэ япхъу Чэзибанти, зэгурыIуэу, я псалъэрэ унафэрэ зэтехуэу, зым жиIэм адрейр щIэдэIуу зэбгъэдэсащ, я зэхуаку дэлъ нэмысыр быным щапхъэуи къахуэнащ. Хьэжпагуэрэ Чэзибанрэ хъыджэбзиплIрэ щIалищрэ зэдагъуэтащ. Чэзибан цIыхубз щабэт, щхьэгъусэм и хьэкъыр сытми ипэ иригъэщырт, къызыхыхьа лъэпкъым щыщ дэтхэнэ зыми пщIэ яхуищIу, илъытэу, иIэту апхуэдэт. Ар пасэу дунейм щехыжым, етIуанэу къишэжа Уэркъыуасэ Хъыдэзи псэуэгъу тынш къыхуэхъуащ. «Сыжьыщхьэ мыгъуэщ» зыхужримыгъэIэжу цIыху щыпкъэу къыбгъэдэтащ. Лъэпкъым зыдригъэкIуу, Iуэху яIэмэ, япэ иту дыхьэхэм ящыщу цIыхубз хьэкълыуэ дунейм тетащ.

Хьэпагуэхэ блэкIым зыхищIэрт абы адыгэ унагъуэ нэс зэрыдэсыр, дыхьэм пщIэ зэрыщигъуэтынур. Зи гуащIэкIэ, зи цIыху щIыкIэкIэ щыпкъагъ зэгъэпэща хэлъу дунейм тета дадэм Мэжджыхьхэ я закъуэкъым зи цIэр дахэкIэ жригъэIар, атIэ къуажэм и фIыр жыжьи щигъэIуащ - гъунэгъу жылэхэм укIуамэ, Хьэпагуэ къыщIэупщIэу, и хъыбар зрагъащIэмэ яфIэфIу къылъыгъуазэу апхуэдэт.

Хьэпагуэ сымаджэу щIэупщIакIуэ кIуэхэм къажриIэрт: мы дунейм си шхий телъыжкъым, ажалыр си лъэпагъым къытетIысхьауэ тесщ. Абы къысIэщIигъэува бжьэм хэмыфын къигъэщIам яхэткъыми, сэри ар къыспэщылъщ. Дунейр къызыхуэзгъанэхэм ар нэхъри зыгъэдэхэн акъыл ябгъэдэслъхьэфауэ щытмэ, сыщIэпсэуам мыхьэнэ иIэщ, «гъуэгу махуэ» къысхужыфIэ къудей, яжриIэрт. ЦIыху хуэдэу дунейм тетам и иужьрей псалъэхэри Iущыгъэт.

Тхыгъэри сурэтри **ТАБЫЩ Мурат** *ейщ.*

АдыгэлI фащэу цей цIэрыIуэ

Адыгэм зэрызищIэжрэ зауэ IэнатIэм къыIумыкIыу, и хэкурэ и щхьэрэ ихъумэжу къэгъуэгурыкIуащ. Шым иришэсыну фащэ тыншу, утыку ихьэнумэ - екIуу, къэфэну къытехьамэ - пкъым хуэфIу щытын хуейуэ апхуэдэт цейр. ЖыпIэ хъунущ гъащIэм езым иубзыхужа фащэу ар. ГъэщIэгъуэнкъым адыгэм и гъунэгъу лъэпкъхэм я дамыгъэхэр халъхьэ мыхъумэ, зэхъуэкIыныгъэ имыIэу цейр къызэращтар.

ДРИПЛЪЭНЩ адыгэ цIыхухъу фащэм хиубыдэхэмрэ ахэр къызыхащIыкIыу щыта щэкIхэмрэ.

Цейр сыт щыгъуи фIыцIэщ, цы хужьым къыхащIыкIа цейр нэхъ зыхуэфащэр лIыжьхэмрэ дотэ нэхухэмрэщ. Абы пщампIэ имыIэу, и бгъэм нэс зэIухауэ, и дамэхэмрэ и пкъымрэ имыкъузын хуэдэу тIэкIу хуэбыхъуу, и Iэгъуапэхэри тIэкIу лалэу, и бгыр икъузын хуэдэу зэву, и Iэпкълъэпкъыр игъэтыншыну быхъугъэ иIэу, цеикIэр задэу, зейм щитIэгъа нэужь зэфIэту увмэ, зэхуэкIуэжу хъун хуейщ. И гупэмкIэ данэ кIапсэ псыгъуэкIэ ящIауэ, цейм и фэм ещхьу щIыIу дахэхэр уи нэм къыщIэмыуэн хуэдэу цIыкIуу щIыIунэм илъщ.

Бгъэм и лъащIитIымкIи бгъэгущталъэхэр иIэщ. Мыбыхэм я щIагъым жып зырыз иIэщи сэмэгумкIэ щыIэм гыныгъуэ иралъхьэр. Абы кIэрыщIауэ данэ кIапсэ дамэпкъым и лъабжьэмкIэ ирагъэубыд. ИжьымкIэ щыIэм дыд, фэдэн, уанэмрэ и Iэщэфащэмрэ теIэзэхьын хуей хъумэ зыхуэныкъуэнухэр иралъхьэ. Цейм и гъунэ нэз псори, бгъэгущталъэхэм нэгъуэщI щэкIыфэ гуадэри ягъэщIэращIэ. Мы къызэрыгуэкI фащэм гуадамрэ палъхьамрэ зы теплъэ дахэ трегъауэ. Ауэ мыпхуэдэу ягъэщIэращIа цейр пщы-уэркъ, хуэщIауэ псэухэм, фыз къэзымыша я щIалэхэм, дотэ нэху лIыжьхэм щатIагъэ. Жылэ псоми, щIали, лIыжьи къызэрыгуэкI фащэщ щатIагъэр.

Гъуэншэджри нэхъыбэу цым къыхащIыкI. И фэри фIыцIафэщ. И щIыкIэр щыхуейхэм щатIагъэ гъуэншэджхэм ещхьщ. Быхъущэкъым, и лъэгуажьэхэр зэвыщэкъым. Лъэгуажьэхэр Европэм я гъуэншэджхэм елъытауэ нэхъ зэвщ. Абы папщIэ лъэгуажьэм лъэгуажьэлъей фIамылъхьэмэ захуэу къонэ. Шым щышэскIэ и лъапэхэр дэмыкIуэтеин щхьэкIэ, лъэгупс гъуэншэдж лъапэхэм ирадэ. 2012 гъэм Испание къэралыгъуэм Юнисефым щригъэкIуэкIа зэIущIэм дуней псом иджыри къэс щащIа фащэхэм я нэхъыфIу «Цей Сей-сайр» жыхуиIэр щым язу халъытащ.

Гъуэншэджым лъэныкъуитIымкIи жып иIэщ, и нэзхэр ягъэщIэращIэркъым. Адыгэхэм щатIагъэ гъуэншэдж щIыIутелъыр цым къыхащIыкI. ЩIымахуэм и лъакъуэхэр щIыIэм щехъумэ. Гъуэншэдж щхьэпсыр нэгъуэщI зы щэкIкIэ Iуадэ, и щхьэпсри зы залэ и бгъуагъыу хужьу Iуадэж.

Лъейр цы щэкI Iувым, нэхъыбэу лъахъстэн фIыцIэм къыхащIыкI. Фэ къудейм къыхащIыкIмэ, шым и пщIэнтIэпсым зыщихъумэн щхьэкIэ, лъахъстэн фIыцIэ ирадэ. Мыпхуэдэу гуадэмэ, лъахъстэным къыхащIыкIа лъейм и фэ дахэр и кIуэцIымкIэ къагъанэри фIыцэу ираIэ, фIыцIэ ящIа и кIуэцI лъэныкъуэр щIыбымкIэ къэлъагъуэу ящI. Лъейм и щхьэрэ и лъабжьэ нэзхэм гъэщIэрэщIа Iуданэ зэхуэша гуадэ.

Вакъэр лъахъстэн фIыцIэм къыхащIыкI. Лъахъстэн плъыжьым къыхащIыкIа вакъэр лъызытIагъэр нэхъыжьхэращ. ФIыуэ ягъэщIытауэ, и цыр ягъэкъэбзауэ былымыфэм къыхащIыкIа вакъэ щабэхэр нэхъыбэу тхьэмыщкIэхэмрэ лъэсырызекIуэхэмрэ лъатIагъэрт. Лъахъстэным къыхащIыкIа вакъэм и жьэр, и гъунэ нэзхэр Iуданэ зэхуэшакIэ лъызытIагъэхэм хуагъэщIэращIэ. Адыгэ вакъэхэр щIэмыхьэлъэр, лъахъстэным и фэ щабэм къызэрыхащIыкIар, лъакъуэм хуэфащэу зешэщIри, лъакъуэр егъэтынш. Адыгэхэм вакъэ лъатIэгъэн щхьэкIэ вакъэлъытIагъэ зэрахьэ.

Къэптал жыхуаIэ джанэр хуэкIыхьу цейм хуэдэщ. Ауэ къэпталым и пщампIэр сантиметритхукIэ нэхъ лъагэщ. Къэпталыр нэхъыбэу данэ фIыцIэ щэкIым, зэзэмызи чэсей хужьым къыхащIыкI. Чэсей хужьым къыхащIыкIа джанэр тхьэмадэхэм щатIагъэ. Къэпталым и кIыхьагъыр лъэгуажьэм нос. Унагъуэ кIуэцIым цеиншэу зэрызахуапэм щхьэкIэ, кIыхьу яд. Къэпталым и Iэгъуапэхэр мыбыхъуу, езым и фэм ещхьу, цIыкIуу, гъэщIэрэщIауэ щIыIухэр ирадэ. ПщампIэр гупэмкIэ щыIэ щIыIунэхэм ирадзэ. Мы щIыIу цIыкIухэр зэрыдзэныр сыт хуэдизу гугъуми щIыIуншэр ягъэлъапIэркъым. ЩIалэхэми лIыжьхэми щIыIу цIыкIущ зэрахьэр. Къэпталыр ягъэщIэрэщIэн папщIэ нэгъуэщI зыгуэр гуадэркъым икIи трабзэркъым.

Джанэри гъуэншэдж щIагъщIэлъри чэтэн хужьым къыхащIыкI. ТхьэмыщкIэхэм ейращи, бзылъхугъэхэм зэрахьэ щэкI пIащIэм къыхащIыкI. Гъуэншэдж щIагъщIэлъыр гъуэншэджым хуэдэу яд. Джанэхэри Европэ джанэхэм ещхьщ, ауэ къэпталым хуэдэу пщампIэ задэ иIэщ.

ЩIакIуэ дэзэм зэрахьэ щэкI Iувым къыхащIыкIхэм хуэдэщи и щыбэр цы джэрэзауэ, цы фIыцIэм къыхащIыкI. И гупэ лъэныкъуэмкIэ, и пщампIитIми лъахъстэн щIыIукIэ ирагъэубыдри, щагъэ щIыIукIэ ягъэщIэращIэ. Хужьу, кIэщIу ящIа щIакIуэхэр бзылъхугъэхэм зэрахьэ, я дамэм традзэ.

Джэдыгур. Адыгэхэм щIыIэм зыщахъумэну, щынафэм къыхащIыкIа джэдыгу щатIагъэ. ЩIымахуэкум щатIэгъэн щыгъыныгъуэщ. Джэдыгум цы зытет лъэныкъуэр и кIуэцIымкIэ къанэу яд.

Щхьэрхъуэныр адыгэ бзылъхугъэхэм цы IуданэмкIэ зэрахьа щэкIым къыхащIыкI. И нэзхэмрэ дыпIэ зэхуакухэмрэ хужьу, зэзэмызи Iуданэ фIыцIэ далъхьэ. Щхьэрхъуэным и гъунэ нэзхэр загъуэрэ щагъэ гъуэжькIэ ягъэщIэращIэ. Шым шэсахэр щхьэрхъуэным и Iэгъуапэхэр гупэмкIэ елэлэхыу, и гъунэхэр щхьэрхъуэным и щIыIум хуэкIуэн хуэдэу я щхьэм палъэ, и Iэгъуапэхэр пщэм ирашэкIыу япхэркъым, ауэ лъэсу зекIуэхэм, абы и ягъэ зрамыгъэкIын щхьэкIэ япхэ. Пщыхэм я Iэгъуапэ сэмэгум, уэркъхэми ижь лъэныкъуэмкIэ я дамыгъэр тращIыхь.

ЦIыху пIащIэхэм щIэрыпсу, гъэщIэрэщIауэ, къеплъым и нэр къытенэу щыгъын щатIэгъэныр зыхуагъэфащэркъым икIи хуейкъым. ХуэщIауэ псэухэм егъэлеяуэ захуэпэныр, нэгъуэщIхэм ятепщэу зыкърахмэ, лъэпкъ зэхуэдэныгъэм къезэгъыркъыми, лей зрахыжу ялъытэ. Абы папщIэ, фэилъхьэгъуэщIэ иригъэду щызытIэгъа цIыху пIащIэхэр и ныбжьэгъу хуэзэмэ, тIэкIу тIорысэ хъуа и щыгъынымкIэ мэхъуажэ. Зи цыр тIэкIу тэджа шыгъыныр «ЦIыху пIащIэм йокIу, уэркъ щауэщ» хужаIэ. Сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, мыбы узыщытхъужын зыри хэлъкъым. «Дызэгъэхъуажэ» жызыIэн хуейр щыгъыныщIэ езыгъэдаращи, хабзэр егъэзащIэ, икIи цIыху пIащIагъи хэлъщ. Зы щыгъыныр куэдрэ щыптIэгъэнри пIащIагъэм екIуркъыми, тхьэмыщкIэ гуэрэм тыгъэ хуещI, е мэхъуажэри и щыгъыныр егъэщIэрэщIэж.

Яхъуэж щыгъыныр нэхъыбэу цеймрэ хъурыфэ пыIэмрэщ. ПыIэращ нэхъыбэу яхъуэжри, «Мы пыIэр уэ къокIуркъым» жызыIэмкIэ мэхъуажэ. Адыгэхэр, къызэрыгуэкI лъэпкъхэм елъытауэ, нэхъ кIыхьхэщи, я IэпкълъэпкъкIэ зэкIущ, пшэрагъыр ягъэемыкIу, икIи фIыуэ ялъытэркъым. Абы къыхэкIкIэ: щыгъын щахъуэжкIэ, гугъу ехьэркъым. ЩIалэхэм щыгъын зэдахъуэжэныр къуэшыгъэ нэщэнэу ялъытэ.

ФЫРЭ Анфисэ.

«Уузыншэм, школ...»

Дэтхэнэ зыми, псом хуэмыдэу 70 гъэхэм курыт еджапIэм щIэсахэм, нобэми я тхьэкIумэм иту къыщIэкIынщ а псалъэхэр зыхэт уэрэдыр. Псом хуэмыдэу ар дэнэкIи щыIурт гъатхэм и кIэух махуэхэм. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, абы щыгъуэт зи чэзу пIалъэр къэса ныбжьыщIэхэм школыр къаухыу балигъ гъащIэм хэбэкъуэну зыщагъэхьэзырыр. Апхуэдэ зы еджапIэрэ зы классрэщ мы тхыгъэр зытеухуар. Абыхэм гулъытэ щIахуэтщIыми пщIэ щIахуэфащэми щхьэусыгъуэ иIэщ. ЕджапIэм и ныбжьыр илъэс 50 ирикъуащ, дигу къэдгъэкIыжыну классым ар къызэриухрэ илъэс 45-рэ хъунущ.

УИ сабиигъуэр щыбгъэкIуа еджапIэр, балигъ гъащIэм ухуэзыгъэхьэзыра егъэджакIуэхэр, илъэс пщыкIузкIэ къыбдеджа классэгъухэр, ныбжьэгъухэр пщызыгъэгъупщэн щыIэ? А гукъэкIыжхэр нэхъри куущ, я псэри етарэ, узыхурагъаджэми фIыуэ хэзыщIыкI нэхъыжь Iумахуэхэр къыпщхьэщытамэ. Си насып къикIри, сэ сыщеджащ Бахъсэн районым сыт и лъэныкъуэкIи бжьыпэр пIалъэ кIыхькIэ щызыIыгъа Зеикъуэ къуажэм дэт езанэ курыт школым. Апхуэдэ ехъулIэныгъэ мы еджапIэм щIиIэнкIэ хъуауэ къэслъытэмрэ гукъэкIыж гуапэхэмрэщ мы тхыгъэ кIэщIыр зытеухуар. Шэч лъэпкъ къытесхьэркъым икIи мащIэкъым абы щыхьэт техъуэнур апхуэдэ гулъытэ зи цIэ къисIуэнухэм къызэралэжьам. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, кIуэ пэтми зэманым нэхъ мащIэ ещI а цIыху гъуэзэджэхэм ящыщу нобэкIэ псэууэ къэнэжар.

Зеикъуэ къуажэм дэт курыт школым сыщыщеджар 69 - 80 гъэхэрщ. Абы ипэ къихуэ илъэсхэм еджапIэр апхуэдизкIэ жьы хъуат, щеджэну къекIуалIэ сабийхэм я бжыгъэм хэхъуати, Iэмалыншагъэкlэ къатитI хъууэ, спортзал, шхапIэ, гъэлъэгъуэныгъэ, зэIущIэ зэмылIэужьыгъуэхэр щебгъэкIуэкI хъун пэшышхуэ хэту дыщеджэн зэрытхуаухуэм хуабжьу дыщыгуфIыкIырт икIи дригушхуэрт. Школ дахэшхуэр къыщызэIуаха махуэр си фIэщ хъуркъым а зэманым мыбы щеджауэ зыщыгъупщэжа къыпхуэгъуэтыну. Дауи, сабий насыпкIэ узэджэ хъун IуэхугъуэфIт ар.

Зи гугъу фхуэсщIыну, сыт и лъэныкъуэкIи зэгъэпэща школым хуэбгъэдэн куэд а зэманым щыгъуэ щыIэтэкъым.

Шэч хэмылъу, псом япэ игъэщыпхъэщ школым и пщIэр лъагэу зыIэтахэу еджапIэм и унафэщI жыджэру куэдрэ лэжьа Маршэнкъул Хьэсэнбий, егъэджэныгъэмкIэ абы и къуэдзэу щыта Къазий Ахьмэд, гъэсакIуэ, егъэджакIуэ пажэхэу Къумыкъу Лъостэнащ, АбытIэхэ Хьэжмурат, Рае, Мухьэмэд, Мусэбий, Уетхэ Аслъэнбийрэ Зоерэ, Унэж МэчрэIил, Лосэн Анзор, Щомахуэ Хьэсэнбий, Щауэ Ждин, Шэрхъхэ Тэужан, Хьэлимэт, БетIал, Хьэмырзэ Зое, Гъубжокъуэ СэIимэт, Унэж МэчрэIил, Бейтыгъуэн Сэлым, Шурдым Залым, Дэгу Чэрим, Къалмыкъхэ Зоерэ Iэминатрэ, ЛIизэм Жаннэ, Тенджыз Зэхьирэт, Шыдхэ Владимир, Наталье, Галинэ, ХьэцIыкIу Лолэ, ХьэпцIэ Тамарэ, ГъукIэ Хьэчим, Къундет Тосэ, Тенделов Хьэсэн, Гуляев Юрий, Джэдгъэф ФатIимэ, Шурдым Рае, Маршэнкъул Зухъра, Шурдым Хужьпагуэ сымэ я фIыгъэкIэ школыр егъэджэныгъэмрэ гъэсэныгъэмкIэ Бахъсэн районым япэ увыпIэр щиIыгъыу, щытхъу тхылъырэ саугъэт мымащIэрэ къыхуагъэфащэу, щапхъэу ягъэлъагъуэу илъэс куэдкIэ къекIуэкIащ. ЕджапIэр зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ къызэгъэпэщыныр зи пщэ дэлъ лэжьакIуэхэри жыджэрти, сыт и лъэныкъуэкIи дагъуэншэт.

Мыбдеж, псом япэу, къыхэгъэщыпхъэщ икIи фIыщIэ хуэщIыпхъэщ емызэшу лэжьыгъэр къызэгъэпэщыным хуэунэтIауэ ехъулIэныгъэ иIэу, жыджэру лэжьа директор Маршэнкъул Хьэсэнбий. Егъэджэныгъэр, гъэсэныгъэр, гупым я зэхущытыкIэр егъэфIэкIуэным и нэIэ тригъэтым и мызакъуэу, абы хуабжьу гулъытэ хуищIырт езы школыр сыт и лъэныкъуэкIи щыщIэныгъэншэу щытыным. Хьэсэнбий и лэжьакIуэхэр зэхэдз ищIакъым, дэтхэнэ зыми бзэ къыхуигъуэтыфу, гуапэу хущытащ, зыхуейр зы закъуэт - я пщэ дилъхьар гугъэзагъэу, ныкъусаныгъэншэу ягъэзэщIэнырт. Абы и дежкIэ псом я щхьэр узыншагъэ быдэ, щIэныгъэ куу, гъэсэныгъэ екIу зыбгъэдэлъ щIэблэ къэгъэхъунырт. Зэманым къигъэлъэгъуащ Хьэсэнбий ар къызэрехъулIар.

Мы тхыгъэм зи цIэ къыщитIуа дэтхэнэ зыми щхьэхуэу псалъэ гуапэ хужыпIэ зэрыхъунум щыхьэт техъуэфын нэхъыжьыфI куэд дэсщ Зеикъуэ жылагъуэм. Тхылъ къэхудэбгъэкIыну къэзылэжь гупщ зи гугъу фхуэсщIар. Абы шэч хэлъкъым. Псэ хьэлэлкIэ зи лэжьыгъэр зыгъэзэщIахэм я цIэр уахътыншэ хъуагъэхъхэщ.

Къызэрыхэдгъэщащи, зыщыгъэгъупщэгъуейщ сабиигъуэр гуэхыпIэ имыIэу зэпха школымрэ узыхэса гупымрэ. Псом хуэмыдэу япэ лъэбакъуэхэр еджэныгъэм щыхэпчэ илъэсхэм класс унафэщIу, егъэджакIуэу уиIар. Дэ, ди насып къикIри, апхуэдэ гъэсакIуэ, егъэджакIуэ Iущу цIыху гуапэу, анэ пэлъытэу къытщхьэщытащ Къалмыкъ Зое.

Япэу ныбжьэгъу къысхуэхъуа классэгъухэр, цIыху къызэрыгуэкIыу, зыкъызыфIэщIыжаи дэхуэхаи яхэмыту къэгъуэгурыкIуащ, ахэр я ныбжькIэ лIэщIыгъуэ ныкъуэм щхьэдэхами, зэрызамыхъуэжари, зэхэщIыкIрэ цIыхугъэ дахэрэ зэрахэлъри гуапэ пщымыхъуу къанэркъым. Дигу къыщыпылъадэм дызыхуэмызэфми, дызыфIэкIуэдыркъым. Псом япэу ар зи фIыщIэр къыддеджахэм тщыщу жэрдэмщIакIуэ хъуа Быхъурэ ФатIимэщ. Аращ дэтхэнэ зыри дыкъэзыгъуэту, ди Iуэху зытетыр зэзыгъащIэу дызэпызыщIэжари, зэклассэгъуу щытахэм дэтхэнэ зыми абы фIыщIэ, пщIэ лей худощI. Арагъэнщ, гуп зыгъэгупыр гуп и уасэщ, щIыжаIэжри.

ГъащIэр гъащIэщ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, кIуэ пэтми зэныбжьэгъухэм ди бжыгъэм хощI. ЩIалэ дыдэу тIэщIэкIахэри мащIэкъым. Абыхэм ятеухуа гуэпагъэу дигу къэдгъэкIыжыни диIэщ.

Зэклассэгъухэм къытхэкIащ ухуэныгъэ лэжьыгъэм хуэIэижьи, мэкъумэш IэнатIэм жыджэру Iути, къэралым гурэ псэ къэбзакIэ къулыкъу хуэзыщIи, дзыхь кърагъэзу, сыт хуэдэ Iуэху пэрагъэувами, и пщэ къыдалъхьар тэмэму зыгъэзащIи. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэу лэжьыгъэм бгъэдэту зи псэ зытаи гупым хэбгъуэтэнущ. Апхуэдэт Хэкум Къулыкъу хуищIэу, къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ министерствэм хэту зи псэр зыта, щIалэ хахуэ Согуэ Ахьед, зыщыгъэгъупщэжыгъуейхэщ цIыхугъэ дахэ яхэлъу, зи нэгур зэIухауэ, псэ къабзэ зиIэу дунейм тетахэу Лосэн Арсен, Шорэ Артур, зэцIэджэгъу икIи зэунэцIэджэгъухэу Къуэдзокъуэхэ я щIалэхэу АслъэнитIыр. Псоми щхьэжэ тщыхъуащ ди ныбжьэгъу щIалэ къызэрыгуэкI, гу пцIанэ зиIэ ГъукIэ Аслъэн и щIалэ Анзор, езыр хуейуэ кIуауэ дзэм къулыкъу щищIэу, Украинэм и щIэпхъаджащIэ Урысейм зауэ къезыщIылIахэм япэщIэт дзэм хэту мы гъэм и псэр зэритар.

ЦIыхугъэ дахэ зыхэлъ си классэгъухэм пщIэрэ щхьэрэ яIэу, гукъеуэншэу дунейм тетыну сохъуэхъу. Ныбжьыр хэкIуэтэху нэхъри хьэкъ пщохъу сабиигъуэм епха гукъэкIыжхэр зэрылъапIэр.

ШАФИЙ Аслъэн.

Гъуазджэхэм я жэщ

Налшык къалэм дэт Ткаченкэ Андрей и цIэр зезыхьэ СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ и музейм щэкIуэгъуэм и 4-м щызэхэтащ «Гъуазджэхэм я жэщ-2024» урысейпсо щэнхабзэ-егъэджэныгъэ зэхыхьэр. Хабзэ зэрыхъуауэ, ЦIыхубэ зэкъуэтыныгъэм и махуэм ирихьэлIэу къызэрагъэпэщащ а Iуэху дахэр.

«ГЪУАЗДЖЭХЭМ я жэщ» зэхыхьэм ирихьэлIэу, илъэс къэс къэралым, республикэм и музейхэмрэ театрхэмрэ, библиотекэхэмрэ щэнхабзэ клубхэмрэ тхакIуэхэр, уэрэджыIакIуэхэр, художникхэр, артистхэр ирагъэблагъэурэ кином, театрым, макъамэм, сурэтыщI гъуазджэм, литературэм теухуа зэIущIэ гукъинэжхэр икIи щхьэпэхэр къыщызэрагъэпэщ.

ЗэрыжытIащи, зэIущIэ гуапэр СурэтыщI гъуазджэхэмкIэ музейм къыщызэIуахащ икIи Iэмал яIащ Урысейм и щIыналъэхэм ящыщ художникхэм я лэжьыгъэхэм зыщагъэгъуэзэну, «Кавказ - притяжение будущего» выставкэм хыхьэу. ЯтIэ гъэжьамкIэ, алэрыбгъу щIынымкIэ, хьэпIацIэщыгъэ зэIущэнымкIэ, дыщэидэмкIэ, тхыпхъэ, уагъэ хэдыныкIымкIэ Гацолаевхэ Николайрэ Светланэрэ, Тхьэкъуахъуэ Анжеликэ сымэ ята мастер-классхэм кIэлъыплъащ къызэхуэсахэр. ЕгъэджакIуэхэр къытеувыIащ Кавказым ис лъэпкъхэм я пасэрей IэщIагъэхэми. Гацолаевхэ нэхъыбэу сабийхэр зыхуагъэсар ятIэ гъэжьа лIэужьыгъуэхэм унэр зэрагъэдахэ, хьэпшыпхэр, хьэкъущыкъухэр къызэрыхащIыкIырщ. Зэхыхьэм хэтащ сабий гъэсапIэхэм, курыт еджапIэхэм кIуэ цIыкIухэри. Iуэхум иджыри къыпащэну, псапэу апхуэдэ мастер-классхэр къызэрагъэпэщу зрагъэубгъуну, абы къыхэкIыну ахъшэр дзэ Iуэху хэхам щыIэ щIалэхэм хуагъэхьыну зэрамурадыр мы зэIущIэм щыжаIащ.

- ЦIыугъэнэхэр гъэхьэзырын къудейтэкъым дыщэидэр зыхуэгъэзар. Кавказым щыпсэу лъэпкъ псоми ар IэщIагъэ яхуэхъуами, нэхъыбэу абы зыщиужьар адыгэхэм ди дежт, - жиIащ Тхьэкъуахъуэм. - А IэщIагъэм хъыджэбз цIыкIухэм шыIэ къахилъхьэрт. Арат пасэу абы щIыхуагъасэри.

Эстетикэ гъэсэныгъэмкIэ Къэзэнокъуэ Жэбагъы и цIэр зезыхьэ Сабий школ №2-м и гъэсэнхэм концерт гъэщIэгъуэн хуагъэхьэзыращ.

Музейм и унафэщI Ремхен Еленэ и псалъэм къыхигъэщащ республикэм щыпсэухэмрэ абы и хьэщIэхэмрэ папщIэ я программэр щIэщыгъуэу зэрагъэхьэзырар, ягу дыхьамэ зэригуапэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Колхозым щылэжьахэм я ахъшэм хущIагъу

Урысей Федерацэм и Социальнэ фондым и къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм къызэритамкIэ, щIыналъэм и мэкъумэш IэнатIэм илъэс куэдкIэ зэрыщылэжьам папщIэ республикэм и цIыху 3140-м я пенсэм хущIагъуащ. Абы и куэдагъыр страховой пенсэм и процент 25-рэ мэхъу, ахъшэкIэ къапщтэмэ - сом 2033,72-рэ.

ЩIЫПIЭ Соцфондым зи пенсэм хэхъуауэ ахъшэ зрит цIыхур илъэс 30 нэхърэ мынэхъ мащIэкIэ мэкъумэш IэнатIэм лэжьыгъэ хэха щызыгъэзэщIахэмрэ абы пэрытыхукIэ къуажэм щыпсэуахэмрэщ. Пенсэ хэхъуауэ зратынухэм хиубыдэ, мэкъумэшым пыщIа IэщIагъэу 500-м я спискэр Урысей Федерацэм и Правительствэм къищтащ.

Апхуэдэуи лэжьыгъэ стажым хохьэ, цIыхур и IэнатIэм щыпэрыта пIалъэм нэмыщI, ар сымаджэу е сабийхэм якIэлъыплъу щыщыса зэманхэри.

«Къуажэ стажым хеубыдэ, цIыхум и IэщIагъэми зэрихьа къулыкъуми емылъытауэ, 1992-м щIышылэм и 1-м и пэ къихуэу урысей колхозхэм, машинэ-трактор станцхэм, колхоз зэхэтхэм, совхозхэм, мэкъумэш хозяйствэхэм, артелхэм щыщылэжьа илъэсхэр», - къыхигъэщащ КъБР-м и Соцфондым и унафэщI Бакъ Николай.

ЦIыхум и пенсэм ахъшэр хущIагъунущ страховой пенсэр абы зэрыхуагъэуву, лъэIукIэ зыми зыхуимыгъазэу икIи дэфтэрхэр зэхуимыхьэсу. Къуажэдэс пенсионерым мэкъумэш IэнатIэм зэрыщылэжьам щыхьэт техъуэ тхылъхэр иIэмэ, щIыпIэ Соцфондым е МФЦ-м щыщIэупщIэ хъунущ, пенсэр хэхъуауэ къратын папщIэ. Ауэ а зэманым ирихьэлIэу ар лажьэу щытын хуейкъым. Пенсэм хэхъуауэ иратынущ ар къалэм Iэпхъуауэ щытми.

БЭБЭЧ Болэ.

Абдж заводым IэнатIэщIэ ирегъажьэ

Шэджэм къалэм дэт абдж заводым къыкIэлъыкIуэ инвестицэ пэхуэщIэщIэр мыгувэу иригъэжьэнущ: абы иутIыпщынущ медицинэм къыщагъэсэбэп, абджым къыхэщIыкIа банкIхэм, птулъкIэхэм, пробиркэхэм, хьэкъущыкъухэм, н.къ. хуэдэхэр къыщIэзыгъэкI етIуанэ линиер.

КЪЭДГЪЭЛЪЭГЪУЭНЩИ, зы пIалъэ пыухыкIам къриубыдэу заводым къыщIигъэкIыну продукцэм и куэдагъыр сом мелуан 300 и уасэнущ, капитал нахъыщхьэм инвестицэу сом мелуан 350-рэ къыхашэнущ.

Иджы яутIыпщыну линием цIыхуи 150-м лэжьыгъэ IэнатIэхэр щагъуэтынущ. Китайм и IуэхущIапIэхэм зэгурыIуэныгъэхэр иращIылIакIэщ зыхуэныкъуэну оборудовэнэхэр абыхэм кърагъэшэну. Къалэн зэхуагъэувыжахэм къызэрыщыгъэлъэгъуамкIэ, лэжьыгъэр ирагъэжьэнущ дызыхуэкIуэ илъэсым и япэ мазищым къриубыдэу.

Абдж заводым и къыкIэлъыкIуэ инвестицэ пэхуэщIэм щIыпIэ экономикэм фейдэ къызэрыхуищIынум къыдэкIуэу, щIыналъэм щыпсэу цIыхухэри лэжьыгъэ IэнатIэхэмкIэ къызэгъэпэща хъунущ, щыжаIащ КъБР-м ПромышленностымкIэ, энергетикэмрэ сатумкIэ и министерствэм.

АЛБЕРДЫКЪУЭ Iэмин.

Жыг хадэм цIыкIухэм зыщаплъыхь

Сабиигъуэ

Адыгэбзэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмрэ зегъэужьынымкIэ «Адыгэ цIыкIу» центрым и гъэсэнхэм зыщрагъэплъыхьащ ХьэтIохъущокъуэ Исмел и цIэр зезыхьэ жыг хадэм.

ЦIЫКIУХЭМ папщIэ абдеж дерс щригъэкIуэкIащ тхыдэмкIэ егъэджакIуэ Къэбардэ Астемыр. Ар «Адыгэ цIыкIум» и гъэсэнхэм яхутепсэлъыхьащ Налшык паркым и тхыдэм, абы ХьэтIохъущыкъуей Исмел и цIэр щIызэрихьэм, ди паркыр Кавказ Ищхъэрэм щынэхъ ин дыдэхэм зэращыщым. Адыгэхэм ягъэкIыу щыта жыг лъэпкъыгъуэхэм, ди япэ итахэр жыгым хуэсакъыу, пщIэ хуащIу, дагъакIэу, еIэзэу зэрыщытам теухуауэ егъэджакIуэм гъэщIэгъуэн куэд жиIащ, ягуригъэIуащ тхьэмпэкIэ, пхъафэкIэ жыгым и лIэужьыгъуэр къапщIэ зэрыхъур, абы и ныбжьыр къызэрахутэ щIыкIэр, сымаджэ хъуа жыгыр зэрагъэхъужыр, жыг къызэрагъэкI Iэмалхэр. Бжьыхьэ хадэм къыщакIухьурэ, гупым зэрагъэлъэгъуащ адыгэм пщIэ зыхуищI жыг лIэужьыгъуэхэр: хьэмкIутIей, щхъуэмч жыг, дей, кхъужьей, уэздыгъей, бзииху, нэгъуэщIхэри.

- Пасэм адыгэхэр мэзым кIуэмэ, сэ цIыкIу къыздащтэрт. Сытт иращIэр? Щхъуэмч жыгым и къудамэр къутауэ е жыгым фэбжь гуэр иIэу ирихьэлIэмэ, абы Iэмал имыIэу «дэIэпыкъурт». Къудамэхэр гуищIыкIынкIэ хъунут жьапщэм, уэшхышхуэм. А гуэщIыкIар, сымаджэ хъуар дагъэжыр-ти, къудамэ узыншэ къахьырти дадзэрт. Адыгэм пщIэ хуищIу щытащ щхъуэмчым. Сытыт ар къызыхэкIыр жыфIэмэ, гугъу щехьа, шхын щыхуэныкъуэ зэманхэм мэзым щыкуэдт щхъуэмчыр. КIуэрти, ар къащыпырт, шхыныгъуи яхуэхъурт. Адыгей лъэныкъуэмкIэ нобэми ар щапщэфI. Мис иджыпстуи мы жыгым и лъабжьэм пыщэщаIауэ зыри зэрыщIэмылъыжымкIи, сэ хузогъэфащэ, ди цIыхухэм ящIэу ар пшхы зэрыхъур. Къащыпу, япщэфIу къыщIэкIынущ, - жиIащ Астемыр цIыкIухэр щхъуэмч жыгым щыбгъэдишам.

- ХьэмкIутIэм адыгэхэм къыхащIыкIыу щытащ нанухэм кIэралъхьэ нэтемыгъахуэ цIыкIухэр. Жыг угъурлыуэ, фIы къыдэкIуэу къалъытэрт хьэмкIутIейр, абы къыпыкIэри яшхырт, - яжриIащ хьэмкIутIейм теухуауэ.

ХьэтIохъущыкъуэм и хадэм итщ зы жыгыжь, и кур гъуанэ хъуауэ. Ар псоми яцIыху, яфIэфIщ абы бгъэдэту сурэт зытрахыну. А жыгхэри ирагъэцIыхуащ адыгэ цIыкIухэм. ИкIи ар щапхъэу къигъэлъагъуэурэ Астемыр абыхэм ягуригъэIуащ жыгым теухуауэ гъэщIэгъуэн куэд.

- Куэдым ягъэщIагъуэ мы жыгым и кур имылъыж пэтми, къызэрыкIыр, зэрызиужьыр, зэрымыгъуэжыр. Ауэ мыбы телъыджэ гуэр хэлъу аракъым, атIэ жыгым и зыужьыкIэм и хабзэ зэриIэжыр къигъэлъагъуэу аращ. Жыгым и пхъафэм хэлъ гуащIэр хурокъу ар мыгъуэжыным, - яжриIащ абы теухуауэ.

«Адыгэ цIыкIу» IуэхущIапIэм и унафэщI Къармэ Iэсият Астемыр фIыщIэ хуищIащ и гъэсэн цIыкIухэм я гум имыхужын, щIэщыгъуэу зэдэIуа дерс ядригъэкIуэкIам щхьэкIэ.

ЩIэблэм бзэр ебгъэщIэнумэ, япэрауэ, ар щIэщыгъуэ ящыщIын хуейщ. «Адыгэ цIыкIу» сабий зегъэужьыпIэм аращ я хабзэ нэхъыщхьэри, Iэмал зэхуэмыдэхэмкIэ сабийхэр бзэм драгъэхьэх. Мыпхуэдэ дерс щIэщыгъуэхэри апхуэдэ Iэмалхэм ящыщ зыщ.

Тхыгъэри сурэтри **ГУГЪУЭТ Заремэ ейщ.**

Тхэквондо

Басир Европэм щытокIуэ, Эстеллэ ещанэщ

Албанием и къалащхьэ Тиранэ щекIуэкIащ тхэквондомкIэ (ВТФ, Олимп джэгухэм хыхьэ лIэужьыгъуэмкIэ) Европэм пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIа зэхьэзэхуэ. Абы щызэпеуащ къэрали 150-м я спортсменхэр, я ныбжькIэ илъэс 12 - 14-хэм щIимыгъуахэу.

УРЫСЕЙ Федерацэм и командэ къыхэхам хэту зэхьэзэхуэм щыIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Пять колец» спорт академием и гъэсэнхэу ПщыхьэщIэ Эстеллэрэ Щоджэн Басиррэ икIи, ди гуапэ зэрыхъущи, тIуми дагъэгуфIащ абы къыщагъэлъэгъуа я зэфIэкIхэмкIэ.

Килограмм 41-рэ хъухэм я деж щызэуа Щоджэн Басир зэпеуэм и дыщэ медалыр къихьащ. ЗэIущIэм хухаха зэманыр икIэм нимыгъэсу финалым абы щыхигъэщIащ Великобританием и спортсмен ныбжьыщIэ.

ПщыхьэщIэ Эстеллэ домбеякъ медаль къыщихьащ килограмм 47-рэ зи хьэлъагъхэм я деж щрагъэкIуэкIа зэпеуэм. Псори зэхэту зэIущIиплI иригъэкIуэкIат ди адыгэ пщащэми, япищым - Сербием, Чехием, Хорватием я спортсменхэм ятекIуащ, и IэзагъкIи фIыуэ абыхэм ефIэкIыу, ауэ, кIэух зэхьэзэхуэм нэсыным зы лъэбакъуэ фIэкIа къэхуэмынэжауэ ар кърigъэкIуэтащ Болгарием и тхэквондисткэ ныбжьыщIэм. Ди хъыджэбзым баллитI хурикъуакъым финалым икIын папщIэ.

ПщыхьэщIэ Эстеллэрэ Щоджэн Басиррэ зыгъасэр УФ-м щIыхь зиIэ и тренер Ахъмэт Амиррэ Унэжокъуэ Абдельджэбаррэщ.

Къыхэдгъэщынщи, зэхьэзэхуэм кърикIуахэр зэхалъхьэжа иужь Урысей Федерацэм и командэ къыхэхам етIуанэ увыпIэр гупхэм я зэпеуэм къыщихьащ, щIалэхэм япэ увыпIэр яубыдащ.

ТОМЭКЪУЭ Iэдэм.

ПлъэкIмэ, умыгъэщIагъуэ

«Астрахань» - «Спартак-Налшык» - 1:4 (0:1). Астрахань. Колосовым и цIэр зезыхьэ стадионым. ЩэкIуэгъуэм и 9-м. ЦIыху 580-рэ еплъащ.

Судьяхэр: Федотов (Великий Новгород), Волков (Мэзкуу), Бибиковэ (Краснодар).

«Астрахань»: Красильников, Мусаев (Злобин, 46), Седов, Владимиров, Абзалилов, Левченков (Пацев, 69), Шаталов (Воротников, 84), Галимов (Золоторенкэ, 61), Болонин, Пачо (Пенчелюзов, 69), Соломатин.

«Спартак-Налшык»: Къумыкъу, Лелюкаев, Далиев Дауд, Къардэн, КIэдыкIуей, ХьэцIыкIу (Молэмусэ, 82,) Жангуразов (Селяев, 65), Далиев Дени, Хьэшыр, Мэшыкъуэ (Шэрджэс, 74), Лlуп.

Топхэр дагъэкIащ: Мэшыкъуэм, 4 (0:1), Седовым, 55 (1:1), Шэрджэсым, 79 (1:2), Далиев Дени, 87 (1:3), Хьэшырым, 90 (1:4).

Пенальти дигъэкIыфакъым: Соломатиным, 77.

Дагъуэ къыхуащIащ: Владимировым.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и япэ гупым хэт командэхэм ирагъэкIуэкI зэхьэзэхуэхэм я щэщIрэ ещанэ джэгугъуэм ипкъ иткIэ, щэкIуэгъуэм и 9-м «Спартак-Налшык»-р Астрахань къалэм и щIыпIэ командэм деж щыхьэщIащ.

ЗэIущIэм щIидзэн и пэ къихуэу ди командэр «Астрахань»-м текIуэну къызжаIамэ, ари хьэщIапIэ щыIэу, ди командэм и иужьрей джэгукIэхэри слъэгъуауэ, ину сыдыхьэшхынут. ТекIуэн дэнэ къэна, бжыгъэшхуэкIэ къыхамыгъащIэу къэкIуэжарэт, жыхуэсIэу сыгузавэу зыхуэзгъэхьэзырырт командитIыр зэрыджэгум сыкIэлъыплъыну. ФIыкIэ сыгугъэртэкъым.

ГъэщIэгъуэнракъэ, зэIущIэм и япэ Iыхьэм топджэгухэм я нэхъыбэр иджыри топым дахэ-дахэу лъэIэсатэкъым, еплIанэ дакъикъэм Мэшыкъуэ Хьэчим ди командэр япэ щригъэщам щыгъуэ. СэмэгурабгъумкIэ штрафнойм къыхата топыр щхьэкIэ гъуэм дигъэкIащ абы. Ди командэми хузэфIэкIар и фIэщ мыхъуж хуэдэт, уеблэмэ Iэнкун хъуахэу къыпщыхьурт.

Хэгъэрейхэр апхуэдэ щIэдзэкIэм къигъэуIэбжьащ, игъэундэрэщхъуащ, жумыIэнумэ. Топыр псынщIэу кърахуэкIын щIадзат, ауэ я джэгукIэм гупсысэ гуэри хэплъагъуэртэкъым: топыр ди лъэныкъуэмкIэ къыхатэрт, псори абы кIэлъыжэрт. Апхуэдэ щытыкIэр ди «Спартак»-м сэбэп къыхуэхуащ. МыпIащIэу, хуэм-хуэмурэ, астрахандэсхэр ди гъуащхьэм деж щагъэупщIыIыжырт.

Пэжщ, ди щIалэхэми а дакъикъэхэм джэгукIэ бэлыхь яIакъым, ауэ абы хэплъагъуэрт я гъуэр зэрахъумэным ахэр зэрыхущIэкъур, ди гъуащхьэтет Къумыкъури хъарзынэу и къалэнхэм пэлъэщырт: мызэ-мытIэу топыр абы тригъэкIуэтащ. Астраханым и топджэгухэри епIэщIэкIырт, бжыгъэр зэхуэдэ ирагъэкъужын щхьэкIэ, абы и зэранкIи, щыуагъэ куэд яIэщIэкIырт.

ЗэIущIэм и япэ Iыхьэр и кIэм нэсащ, командитIми уи гур къыщIэзыубыдэн гуэри къамыгъэлъэгъуауэ. КъызэрыщIэкIамкIэ, псори къыщытпэплъэр етIуанэ Iыхьэрт. Топджэгухэм загъэпсэхуу губгъуэм къызэрихьэжу, хэгъэрейхэм щIадзащ ди гъуащхьэм къытетIысхьэн. Къумыкъу Аслъэнбэч, ищхьэIуэкIэ зэрыщIыжысIащи, къызэрыкIауэ, сыт хуэдэ топми иригъэгъазэрт, шынагъуэри ди гъуащхьэм пыIуигъэкIуэтырт. Ауэ, 55-нэ дакъикъэм ди гъуэм топ къыдримыгъэгъэзэгъэкIыным и Iэзагъыр хурикъуакъым. Апхуэдэу жысIэ щхьэкIи, и зэрани хэлъакъым, ди штрафнойм лъэщу кърата топым абы къыхуегъэгъэзэнутэкъым, и ныбжьэгъухэри къыдэIэпыкъуфакъым. Астраханым и гъуащхьэхъумэ Седов Даниил бжыгъэр зэхуэдэ иригъэкъужащ.

Шынагъуэ щыIэт ди командэм джэгун щигъэту, ди гъуэм топ зыбжанэ къыдэлъэтэнкIэ: сэ апхуэдэу си гугъащ. ИкIи 77-нэ дакъикъэм ди гъуэм пенальти къыщытрагъэувам, си гупсысэхэр зэрыпэжыр си фIэщ хъуж хъуащ. Езы пенальтир ди хьэрхуэрэгъухэм ягъэзэщIэну щIратари гурыIуэгъуащэкъым. Ди жагъуэ зэрыхъущи, къытрагъэзэжу драгъэплъыжакъым, ауэ КIэдыкIуейм ди штрафнойм щриудауэ къалъыта хьэгъэрейр абы имыхьэ щIыкIэ игъэджэлауэ къысщыхъуащ. Сыт пщIэн: судьям и унафэр хабзэщ, гъэзэщIэн хуейщ.

ЩIыIэ-щIыIэу сигу къэкIырт, хэгъэрейхэм ар яхуэмыгъэзэщIэнкIэ хъуну, апхуэдэ «къагупсыса пенальтихэр» щыдамыхуф куэдрэ къызэрыхъум теухуауэ. Апхуэдэ дыдэуи къыщIэкIащ: Соломатин Павел зэуа топым Къумыкъум къригъэгъэзащ. ФIэщщIыгъуейт, ар къытхудагъэкIауэ щытамэ, дэ «Астрахань»-р адэкIэ тхузэтеIыгъэжыну. Ауэ, дызэрымыгугъауэ, ди щIалэхэм и лъэр игъэжэнащ ди гъуащхьэтетым а махуэм и джэгукIэм икIи абы щхьэкIэ, - пенальтим къызэрыригъэгъэзам щхьэкIэ, фIыщIэ хуащIыж хуэдэу, щIэпхъуэхэри, дакъикъэ 11-м къриубыдэу топищ хэгъэрейхэм я гъуэм дагъэкIащ: зым нэхърэ адрейр нэхъ дахэжу.

ЗэкIэлъхьэужьу къыхэжаныкIахэщ Шэрджэс Iэдэм, Далиев Дени, Хьэшыр Алан сымэ. Псом хуэмыдэу дыщыгуфIыкIащ ди капитаным и «лъэр» къызэриутIыпщыжам: ди деж дыщыджэгуу «Нартым» топ зэрыхудигъэкIрэ ар къыхэжаныкIакъым. Апхуэдэ щIыкIэкIи, чемпионатым топ нэхъыбэ щыдэзыгъэкIахэм къакIэрыхуащ, ауэ ари шынагъуэкъым: джэгун щигъэтмэщ хэплъэгъуэ щыхъунур.

Мыдрейуэ, ди «Спартак-Налшыкым» очкоищ Астрахань къыздрехри къегъэзэж. ПлъэкIмэ – умыгъэщIагъуэ!

Псори додэ: хъумпIэцIэджым и кIуэдыжыгъуэм дамэ къытокIэ, жыхуаIэм хуэдэу IуэхурадэкIэ къыщIимыдзыжмэ. Дыхуейщ ди «Спартакыр» ефIэкIуэну, зыкъиужьыжыну, и джэгукIэ дахэхэмкIэ ильэс куэдкIэ иджыри дигъэгуфIэну!

МыдэкIэ, Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и япэ гупым хэт командэхэм ирагъэкIуэкIа адрей зэIущIэхэр мыпхуэдэ бжыгъэхэмкIэ иухащ: **«Биолог» - «Кубань Холдинг» - 1:1, «Строитель» - «Ангушт» - 4:0, «Рубин» - «Алания-2» - 3:1, «Форте» - «Дружба» - 3:1, «Динамо Ставрополь» – «Севастополь» - 2:0, «Ростов-2» - «Легион» - 0:1, «Динамо-2» - «Нарт» - 1:3.**

Дагъыстэным и «Победа»-м иджырей джэгугъуэр блигъэкIащ.

КъыкIэлъыкIуэ зэIущIэр «Спартак-Налшыкым» щригъэкIуэкIынур щэкIуэгъуэм и 16-рщ. А махуэм ди деж щыхьэщIэнущ «Кубань Холдинг»-р.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Урысей Федерацэм футболымкIэ и етIуанэ лигэм и «Б» дивизионым и Япэ гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1. «Форте»	**31**	**21**	**5**	**5**	**67-30**	**68**
2. «Рубин»	**32**	**20**	**4**	**8**	**48-26**	**64**
3. «Ростов-2»	**31**	**19**	**3**	**9**	**57-32**	**60**
4. «Динамо-Ставрополь»	31	17	9	5	50-30	60
5. «Легион»	31	18	5	8	57-26	59
6. «Севастополь»	31	16	7	8	45-30	55
7. «Астрахань»	31	14	4	13	40-42	46
8. «Строитель»	31	12	9	10	38-32	45
9. «Нарт»	31	12	5	14	42-47	41
10. «Дружба»	31	12	3	16	38-41	39
11. «Ангушт»	31	8	14	9	22-26	38
12. «Спартак-Налшык»	**31**	**10**	**7**	**14**	**46-47**	**37**
13. «Кубань Холдинг»	31	8	10	13	26-36	34
14. «Победа»	31	7	9	15	36-47	30
15. «Биолог-Новокубанск»	31	8	6	17	40-52	30
16. «Алания-2»	31	4	5	22	22-81	17
17. «Динамо-2»	**31**	**3**	**5**	**23**	**18-67**	**14**

УФСБ-м къет

ЗыщIэгупсысыжыну зэман иIэщ

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэм экономикэ щIэпхъаджагъэхэм пэщIэт Iуэхухэр ирагъэкIуэкIыу къыщIагъэщащ IуащхьэмахуэI районым и пощт къудамэхэм язым и унафэщIым зэрихьа хабзэншагъэр.

АБЫ и къулыкъур къигъэсэбэпщ, и унафэм щIэт IуэхущIапIэм и ахъшэр зыкIэщIиупщIэри и щхьэ Iуэхум тригъэкIуэдащ.

КъБР-м и IуащхьэмахуэI район судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ Курдановэ Ш. Х. къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 160-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм къыщыгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэр илэжьауэ икIи ямыгъэтIысу илъэситI тралъхьащ, апхуэдиз пIалъэ дыдэкIи ягъэунэху.

Илъэсий къыпоплъэ

«КъБР-м щыIэ МВД-м хозяйствэ, сервис къызэгъэпэщыныгъэмкIэ и центр» федеральнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм и автохозяйствэ къудамэм и унафэщIым зэрихьэ хабзэншагъэр Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм къэлъыхъуэныгъэхэр ирагъэкIуэкIыу къызэпаудащ.

УРЫСЕЙМ и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 285.4 статьям и 1-нэ Iыхьэм, УФ-м и УК-м и 292-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм япкъ иткIэ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, къэдгъэлъэгъуа щIэпхъаджагъэхэр зылэжыр илъэси 8-м нэскIэ ягъэтIысыс.

Я гъащIэр лъэхъуэщым щахьынри хэлъщ

Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэмрэ КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэмрэ наркотик хэкIхэр хабзэншагъэкIэ игъэкIыным пэщIэт Iуэхухэр ирагъэкIуэкIыу къызэпаудащ республикэм и щIыналъэм а щхъухьхэр щигъэкIыным пыщIауэ Прохладнэ районым щыпсэу цIыхуитIым ялэжьыр. Абыхэм къытрахащ «мефедрон» наркотикхэкI грамм 663-м щIигъу.

УРЫСЕЙМ и Следственнэ комитетым и Следственнэ управленэу КъБР-м щыIэм уголовнэ Iуэху къиIэтащ УФ-м и УК-м и 30-нэ статьям и 3-нэ Iыхьэм, УФ-м и УК-м и 228.1 статьям и 5-нэ Iыхьэм япкъ иткIэ. Хабзэм къызэригъэувымкIэ, апхуэдэ щIэпхъаджагъэр зылэжьам и гъащIэр лъэхъуэщым щихьынкIэ мэхъу.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жьэкlэмыхъу Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Ширдий Маринэ *(унафэщI-редактор)*, Къаншокъуэ Эллэ *(жэуап зыхь секретарь)*, Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, ЩхьэщэмыщI Изэ.

ТЕЛЕФОНХЭР:
редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмрэ спортымкIэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ IэнатIэхэм ядэлэжьэнымкIэ - 42-60-53; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер IэнатIэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щIэту.

КъыдэзыгъэкIхэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.487
Заказыр №2431
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытххэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дыщэкl Соня, *корректорхэу* ПхытIыкI Марие *(1, 3-нэ нап.)*, Щоджэн Заирэ *(2, 4-нэ нап.)*, *корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу* Елмэс ФатIимэ.
КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ Дол Маринэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.
Сурэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.